Ныбжь зиӀэхэр нэхъыбэ мэхъу

2-нэ нап.

Узыншагъэмрэ спортымрэ зэпхащ

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Ерокъуэм и лӀэщӀыгъуэ гъуэгуанэ

3-нэ нап.

ФИФӀ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ӀЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКӀУ

Адыгэ псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКӀ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№71 (24.509) • 2023 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 15, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокӀ • И уасэр зы тумэнщ

И ӀэзагъэмкӀэ ядогуашэ

4-нэ нап.

Къэрал экзаменхэр тэмэму йокӀуэкӀ

КъБР-м и Ӏэтащхьэ КӀуэкӀуэ Казбек КъБР-м егъэджэныгъэмкӀэ, щӀэныгъэмрэ щӀалэгъуалэм я ӀуэхухэмкӀэ и министр Езауэ Анзор лэжьыгъэ ӀуэхукӀэ хуэзащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и кӀэм щынагъэс къэрал экзаменхэр. Мы гъэм цӀыху мин 15-м ахэр ят. Къэрал экзамен нэхъыщхьэхэр 9-нэ классыр къэзыуха еджакӀуэ 10454-м щыпӀэ 55-м щат. Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр щӀыпӀэ 22-м къыщызэрагъэпэщащ, школыр къэзыух ныбжьыщӀэ 4400-м щхьэкӀэ.

Экзамен нэхъыщхьэхэр зэфӀэкӀащ. Мы гъэм япэу информатикэр зытхэр нэхъыбэ хъуащ, физикэр зытхэм нэхърэ. ХимиемкӀэ иджы япэу цӀыхуитхум балли 100 къахьащ.

Урысейпсо олимпиадэм ди школакӀуэхэм къыщагъэлъэгъуа зэфӀэкӀри Ӏейкъым, абы щым пашэныгъэ къыщахьащ, зым япэ увыпӀэхэм ящыщ къыхуагъэфэщащ. Ахэр къэралым и еджапӀэ нэхъыщхьэ, нэхъ лъэрызехьэхэм экзамен хэмыту щӀэтысхьэфынущ.

Министрым зэрыжиӀамкӀэ, къэрал экзаменхэр и пӀалъэм йокӀуэкӀ, хабзэр къыщызэпауд къэхъуакъым, ар зи нэӀэ щӀэтын хуей псори жэуаплыныгъэ яхэлъу мэлажьэ.

Экзаменхэр зэфӀэкӀмэ, мэкъуауэгъуэм и 23-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт еджапӀэ псоми еджакӀуэхэм аттестатхэр щратыжынущ, иужьрей пшыхьыр щекӀуэкӀынущ.

Ӏэтащхьэмрэ министрымрэ тепсэлъыхьащ школхэр зыхуей зэрыхуагъазэм, Прохладнэ, Нарткъалэ, Куба мы гъэм школыщӀэхэр къызэрыщызэӀуахым, егъэджэныгъэ ӀуэхущӀапӀэ 40 къызэрагъэщӀэрэщӀэнум.

Адыгэ газетхэм лъэпкъым дежкӀэ яӀэ мыхьэнэр къалъытэу

«Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщӀэщым щэбэт кӀуам щекӀуэкӀащ лъэпкъ, щӀыналъэ мыхьэнэ зиӀэ зэӀущӀэ гуапэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм адыгэбзэкӀэ къыщыдэкӀ «Адыгэ псалъэ», «Черкес хэку», «Адыгэ макъ» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэмрэ журналистхэмрэ я зэхыхьэр гъэщӀэгъуэну щытащ икӀи Ӏуэхугъуэ купщӀафӀэ куэдым абы щытепсэлъыхьащ.

ХЪЫБАРЕГЪАЩӀЭ ӀэнатӀэм, лъэпкъ Ӏуэхум, бзэм, литературэм хэзыщӀыкӀ ӀэщӀагъэлӀ пажэхэм я гугъу ящӀащ щхьэж и хэгъэгум къыщекӀуэкӀ Ӏуэхугъуэхэм, газетхэр нобэ зэрыт щытыкӀэм, мазищ къэс зэ ягъэхьэзыр номер зэгуэтхэр дяпэкӀэ къызэрыдагъэкӀынум, нэгъуэщӀхэми. Апхуэдэуи лъэпкъым къыпэщылъ гугъуехьхэм, абыхэм я хэкӀыпӀэу къалъытэхэм, анэдэлъхубзэм и къэкӀуэнум, литературэм цӀыхухэр зэрыдегъэхьэхыпхъэм, хъугъуэфӀыгъуэхэр хъума зэрыхъунум, адыгэр нобэ зыгъэпӀейтейхэмрэ и ехъулӀэныгъэхэмрэ и гугъу ящӀащ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Жыласэ Заурбэч** хьэщӀэхэм фӀэхъус псалъэкӀэ захуигъэзащ икӀи куэд мыщӀэу редактор къулыкъум пэрыхьа и лэжьэгъухэм ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ яӀэу я ӀэнатӀэм бэрэ пэрытыну. Заурбэч къыхигъэщащ адыгэхэр зэрыс зэкъуэш республикищым адыгэбзэкӀэ къыщыдэкӀ газетхэм я зэдэлэжьэныгъэр илъэс 34-рэ хъуауэ ефӀакӀуэ зэпыту зэрекӀуэкӀыр, къыдэкӀыгъуэ зэхэтхэмкӀэ щӀыналъэ зэпэщхьэхуэхэм ис зэлъэпкъэгъухэр зэрызэрыщӀэр, дяпэкӀи апхуэдэу къыпащэну зэрамурадыр.

«КъБР-Медиа» ГКУ-м и унафэщӀым и къуэдзэ **Дзыгул МуӀэед** къызэхуэсахэм убгъуауэ яхутепсэлъыхьащ республикэм щыӀэ хъыбарегъащӀэ ӀэнатӀэ псори зэпхауэ зыгъэлажьэ къулыкъущӀапӀэм и къалэн нэхъыщхьэхэм. «Газет, журнал, телевиденэ, радио ӀэнатӀэ псори зыхэт «КъБР-Медиа»-м и редакцэ нэхъыфӀхэм ящыщщ адыгэ редакцэр жысӀэмэ, сыщыуэнукъым, - жиӀащ Дзыгулым. – «Адыгэ псалъэ» газетым редактор нэхъыщхьэкӀэ Тхьэр къыхуэупсэу къокӀуэкӀ сыт щыгъуи. Журналист, публицист, жылагъуэ лэжьакӀуэ ХьэфӀыцӀэ Мухьэмэд газетыр илъэс 25-м нэскӀэ екӀурэ-ещхьу зэрихьащ. Иджыри узыншэщ, мэлажьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэщ. Абы и пӀэ къиува Жыласэ Заурбэчи зыкӀи мынэхъ мащӀэу, гурэ псэкӀэ пэрытщ и къулыкъум.

Редакцэм и журналистхэри я къалэным пэлъэщу, махуэ къэс ӀэщӀагъэ зэмылӀэужьыгъуэхэм пэрыт лэжьакӀуэхэм яхуэзэу, политикхэм, дохутырхэм, инженерхэм, депутатхэм я лэжьыгъэмрэ цӀыху гъэщӀэгъуэнхэм я гъащӀэмрэ дахэу къагъэлъэгъуэжу, зэгурыӀуэрэ-зэдэӀуэжу зэдолажьэ».

Дзыгул МуӀэед хьэщӀэхэм яхутепсэлъыхьащ «КъБР-Медиа» холдингым. Ар 2017 гъэм къызэрагъэпэщауэ щытащ икӀи республикэм и нэӀэ щӀэт хъыбарегъащӀэ ӀэнатӀэ псори абы хагъэхьащ, зэманым декӀуу лэжьэн папщӀэ. КъищынэмыщӀауэ редакцэхэм ахъшэ зэрагъэзахуэу, зыщӀэс унэр зыхуей хуагъазэу, журналистхэр зыхуэныкъуэхэмкӀэ къызэрагъэпэщу щымыту, я къарумрэ зэманымрэ псори творческэ лэжьыгъэм трагъэкӀуадэу лэжьэн щхьэкӀэ, псомкӀи я нэӀэ тетщ, Ӏуэхур нэхъ псынщӀэ икӀи тынш щащӀу.

КъищынэмыщӀауэ, иджыпсту редакцэхэм щӀэуэ хапщэ «Эффективный контракт» лэжьэкӀэщӀэм тепсэлъыхьащ Дзыгул МуӀэедрэ Жыласэ Заурбэчрэ. Абы япэу техьахэм ящыщщ «Адыгэ псалъэр», икӀи фокӀадэ лъандэрэ а щӀыкӀэм тету мэлажьэ. Абы фӀагъыу хэлъми, цӀыхухэр зэрыпэлъэщми, ныкъусаныгъэу къилъытэхэми я гугъу ищӀащ Жыласэм. КъищынэмыщӀауэ, редакцэм и лэжьыгъэр къызэгъэпэща зэрыхъум, газетым къытрадзэ тхыгъэхэр зытеухуам, иӀэ рубрикэхэм, гулъытэ нэхъыбэ зыхуащӀхэмрэ КъБР-м и Ӏэтащхьэм, Парламентым, Правительствэм я лэжьыгъэр и чэзум цӀыхубэм я пащхьэ зэрырахьэмрэ тепсэлъыхьащ. «Адыгэ псалъэр» зэманым зэрыдекӀум и щыхьэту, абы напэкӀуэцӀ хэхахэр социальнэ сетхэм зэрыщиӀэр, тхылъымпӀэм тедзауэ тхьэмахуэм щэ къыдагъэкӀ газетхэм къадэкӀуэу, тхьэмахуэм тхуэ электроннэу къызэрыдэкӀыр хьэщӀэхэм яхуиӀуэтащ Заурбэч.

(КӀэухыр 4-нэ нап.).

Мэкъумэш

Псы щӀэгъэлъэдэныр хъер хэкӀыпӀэщ

Гъавэри, хадэхэкӀхэри, пхъэщхьэмыщхьэхэри зэхуэдэу щыбагъуэ ди щӀыналъэр нэхъапэми къызэгъэпэщауэ щытащ дунейм и хуабэгъуэм хьэсэхэм псыр зэрыщӀагъэлъадэ кӀэнауэхэмрэ ӀэмэпсымэхэмкӀэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым иӀакъым ахэр къыщызэмыгъэпэща зы мэкъумэш ӀэнатӀи. Къэралыр лъэлъэжа нэужь абыхэм ящыщу къэнэжа щӀагъуэ щыӀакъым. Ахэри щахъумар колхозхэр къыщызэтена Прохладнэ, Май щӀыналъэхэм я закъуэт.

ИДЖЫПСТУ къэралым гулъытэ хэха хуещӀ абыхэм я къэгъэщӀэрэщӀэжыным, сыту жыпӀэмэ щӀым къуитыну бэвагъымрэ щӀыналъэхэм я мэкъумэш ӀэнатӀэхэм я зыужьыныгъэмрэ сыткӀи зэлъытар псы зэрыщӀагъэлъадэ системэхэм я щытыкӀэрщ.

«Агропромышленнэ комплексхэм я ерыскъыхэкӀхэр нэгъуэщӀ къэралхэми яхуегъэшэн», «Лъэпкъпсо зэпыщӀэныгъэ кооперацэмрэ экспортымрэ» пэхуэщӀэхэм хиубыдэу лэжьыгъэшхуэхэр къыщрахьэлӀащ Прохладнэ, Май, Бахъсэн, Аруан районхэм.

Мы илъэсыр къызэрихьэрэ псы зэрыщӀагъэлъадэ системэхэр щагъэуващ щӀы гектар зы миным щӀигъум. Гъэр и кӀэм нэсыху абы иджыри гектар мини 6,5-рэ къыхагъэхъуэ-ну я мурадщ. Апхуэдэ гулъытэ игъуэтащ ткӀуэпс зырызурэ псы щӀэгъэлъэдэкӀэми. Мэкъумэш ӀэнатӀэхэм къэралыр къадоӀэпыкъу хьэсэхэр псыкӀэ зэрагъэнщӀынухэмкӀэ нэсу къызэгъэпэщыжыным текӀуэдэну мылъкумкӀэ. Псалъэм папщӀэ, 2022 гъэм къриубыдэу мелиорацэм трагъэкӀуэдэ-ну къэралым къахуиутӀыпщащ сом мелуани 122-рэ. 2023 гъэм ар сом мелуан 682-м нагъэсыну мэгугъэ.

Зи гугъу тщӀа пэхуэщӀэхэмрэ Урысейм и мелиоративнэ комплексым зегъэужьыным теухуа къэрал программэмрэ хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым иужьрей илъэсиплӀым щӀы гектар мин 25-р псы зэрыщӀагъэлъадэ системэхэмкӀэ къызэрагъэпэщащ. Абы трагъэкӀуэдащ къэрал, республикэ бюджетхэм къахэкӀа ахъшэу сом зы мелардым щӀигъу. Синоптикхэм къызэратымкӀэ, бадзэуэгъуэ мазэм щегъэжьауэ дунейр хуабэ дыдэ къэхъунущ. Ди республикэм и мэкъумэш ӀуэхущӀапӀэхэмрэ уней хозяйствэхэмрэ мы илъэсым нартыхумкӀэ бэлэрыгъакъым - хасар гектар мини 142-м нос, ауэ щыхъукӀэ, нартыхум хуэдэу псы куэд хуэныкъуэ гъавэхэкӀхэм яхэткъым. Абыхэм кърахьэлӀэнур зыхуэдизыр, дауи, елъытащ мелиорацэм игъуэт зыужьыныгъэм.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Бжьэхэм яхуэсакъыпхъэщ

КъэкӀыгъэхэм хущхъуэ щытракӀэкӀэ, жыг хадэ зезыхьэхэм я къалэнщ бжьэ зыгъэхъухэм ахэр ямыутӀыпщ щӀыкӀэ нэхъ пасэу хъыбар ирагъэщӀэну.

ПЕСТИЦИДХЭР къэзыгъэсэбэпынухэм махуищкӀэ ипэ иту ар бжьахъуэхэм жраӀапхъэщ. Абы папщӀэ къагъэсэбэп хъунущ СМИ-м, интернетым я Ӏэмалхэр.

Апхуэдэуи, къэкӀыгъэхэм апхуэдэ щӀыкӀэкӀэ елэжьахэм а щӀыпӀэхэр къыхэгъэщауэ, «Пестицид тракӀащ» жиӀэу зытет пхъэбгъухэр ягъэувыпхъэщ. Зи гугъу тщӀы пхъэбгъухэр нэм къыӀуидзэу щытын хуейщ. Ахэр Ӏупхыж щыхъунур губгъуэ лэжьыгъэхэр зэфӀэкӀмэщ, пхъэщхьэмыщхьэхэр къыпачыжа нэужьщ. Апхуэдэ хъыбар иджыблагъэ къралъхьащ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкӀэ и министерствэм и сайтым.

НАФӀЭДЗ Мухьэмэд.

Иужьрей илъэситӀым ирагъэкӀуэкӀа къэпщытэныгъэхэм япкъ иткӀэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр хиубыдащ Урысей Ипщэм нэхъыфӀу къыщалъытэ еджапӀэ нэхъыщхьи 100-м.

КъБКъУ-р нэхъыфӀищэм яхохьэ

УРЫСЕЙМ щӀэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэт и еджапӀэхэм ящыщу япэ ити 100-р къищӀэн мурадкӀэ, RAEX агентствэм 2022 екӀуэкӀа лэжьыгъэр къыщызэщӀиубыдэ рейтинг зэпеуэ иригъэкӀуэкӀауэ щытащ. Урысей Ипщэ лъэныкъуэм щыщ университети 8 нэхъыфӀхэм яхэхуат а къэпщытэныгъэм пажэу къыщалъытахэм. Абыхэм язт ди КъБКъУ-ри. НэхъыфӀи 100-м хабжат Дон Ӏус Ростов дэт университетищ, Ставрополь, Краснодар крайхэм щыщу зырыз, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Астрахань, Волгоград областхэм, Дагъыстэным, Шэшэным, Адыгейм щыщ университетхэр. А псори наӀуэ къищӀащ лэжьапӀэ къэгъуэтынымкӀэ интернет хэщӀапӀэ hh.ru жыхуиӀэм.

Урысейм ит университетхэм 2023 гъэм къагъэлъэгъуа лъагагъыр мэкъуауэгъуэм и 13-м къипщытащ гъэ къэс екӀуэкӀ, XIV лъэпкъ рейтингым икӀи и къэхутэныгъэхэр Интерфаксым къытридзэжащ. УФ-м щыщ университет 368-м кӀэлъыплъа нэужь, нэхъыфӀу къалъыта 20-м Урысей Ипщэм щыщу хэхуар Дон Ӏус Ростов дэт, Ипщэ федеральнэ университетым и закъуэщ. А еджапӀэм къихьащ балл 1000-м щыщу 708-рэ икӀи 13-нэ увыпӀэр зыӀэригъэхьащ. 2022 гъэм абы иӀыгъар 15-нэ увыпӀэрт.

НэхъыфӀи 100-м мы гъэми хиубыдащ Ставрополь дэт Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетыр (28-нэ увыпӀэ), Дон Ӏус Ростов дэт техникэ къэрал университетыр (53-нэ увыпӀэ), Бэрбэч ХьэтӀутӀэ и цӀэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр (57-нэ увыпӀэ), Краснодар дэт Кубань къэрал университетыр (абы 79-80 увыпӀэр дигуэшащ Урысейм мэкъумэшымкӀэ и къэрал университетым), къинэмыщӀхэр.

КЪУДЕЙ Ӏэминэ.

«Динамо»-р илъэси 100 ирокъу

КъБР-м щыӀэ МВД-м щекӀуэкӀащ «Динамо» урысейпсо физкультурэ спорт зэгухьэныгъэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэсищэ зэрырикъум хуэгъэпса гуфӀэгъуэ зэӀущӀэ.

ӀУЭХУ гуапэм кърихьэлӀащ хабзэхъумэ ӀэнатӀэхэм я унафэщӀхэр, «Динамо» зэгухьэныгъэм и лӀыкӀуэхэмрэ ветеранхэмрэ.

Республикэм къэрал кӀуэцӀ ӀуэхухэмкӀэ министру щыӀэ - Динамо»-м и щӀыналъэ къудамэм и унафэщӀ, полицэм и генерал-лейтенант **Павлов Василий** къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ ягъэлъапӀэ махуэшхуэмкӀэ.

- «Динамо» спорт зэгухьэныгъэм илъэсищэм къриубыдэу зэришэлӀащ зи ӀэщӀагъэм хуэӀэижьхэр. Спортым зэкъуегъэувэ къарукӀэ псыхьа цӀыхухэр, я ехъулӀэныгъэмрэ здынэса лъагапӀэхэмкӀэ «Динамо» зэгухьэныгъэр цӀэрыӀуэ зыщӀхэр. Си гуапэщ адэкӀи ди спортсмен-чемпионхэм къахэхъуэмэ, ди ведомствэм и цӀэр яӀэтмэ, - жиӀащ министрым.

Къызэхуэсахэм фӀэхъус псалъэкӀэ захуигъэзащ КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкӀэ и советым и секретарым и къуэдзэ - КъБР-м и «Динамо»-м и ветеран **Залиханов Къанщобий**. Илъэсищэ юбилеймкӀэ ехъуэхъури, зэгухьэныгъэм иригъэкӀуэкӀ лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зэриӀэр къыхигъэщащ.

Ӏуэхум и кӀэухыу юбилей медалхэмрэ щӀыхь тхылъхэмрэ иратащ къарузехьэ ӀэнатӀэхэм я унафэщӀхэм, «Динамо»-м и ветеранхэмрэ и лӀыкӀуэхэмрэ, апхуэдэуи зыдэлажьэ ӀэнатӀэхэм ящыщхэм.

КъБР-м спортымкӀэ и министр **Хьэсанэ Ислъам** Павлов Василий ЩӀыхь тхылъ иритащ спортым зегъэубгъуным хуищӀ хэлъхьэныгъэм папщӀэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщӀэ

2023 гъэм и етӀуанэ илъэс ныкъуэм щӀэджыкӀакӀуэхэм яӀэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Ӏэ щыщӀадз зэманым щӀидзащ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыӀэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащӀэ - ар къевгъэхьын папщӀэ Ӏэ щыщӀэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ ӀуэхущӀапӀэми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 819-рэ кӀэпӀейкӀэ 90-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 745-рэ кӀэпӀейкӀи 2-рэ.

Ди индексыр П5894

• adyghe@mail.ru • adyghepsale.ru • apkbr.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ • Адыгэ Псалъэ •

● Пресс-конференцхэр

Ныбжь зиIэхэр нэхъыбэ мэхъу

Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щиIэ управленэм и унафэщIым и къуэдзэ Гъащтэ Аурикэ республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр зэхуишэсри пресс-конференц иригъэкIуэкIащ 2021 гъэм ди къэралым, республикэм щекIуэкIа къыхэтхыкIымрэ мэкъумэш IэнатIэм и къыхэтхыкI цIыкIумрэ къарикIуахэр къызэщIикъуэжу.

ГЪАЩТЭМ жиIащ мызыгъуэгум екIуэкIа къыхэтхыкIхэр къызэрыгуэкIхэм зэремыщхьыр, 2020 гъэм ирагъэкIуэкIын хуеяуэ зэрыщытар, ауэ пандемием и зэранкIэ 2021 гъэм зэрагъэIэпхъуар. «А илъэсыр ди къулыкъущIапIэм дежкIэ тыншу щытауэ схужыIэнукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, хуабжьу жэуаплыныгъэ ин зыпылъ лэжьыгъэшхуэ едгъэкIуэкIащ, - жиIащ Аурикэ. - Мэкъумэш IэнатIэм папщIэ цIыху 240-рэ, цIыхухэр къыхэзытхыкIыу 2000 къедгъэблагъэри, ди нэIэ щIэту дгъэлэжьащ. Зауэ губгъуэм итхэм дыхуэдэу лэжьыгъэм дыпэрытащ жысIэмэ, сыщыуэнукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, коронавирус уз зэрыцIалэм и зэранкIэ куэд сымаджэ хъурт, ахэр зэтхъуэкIын щхьэкIэ цIыху къэтлъыхъуэрт. Ауэ къыхэгъэщыпхъэщ, сыт хуэдиз лъэпощхьэпо дрихьэлIами, ди пщэ дэлъа къалэныр зыхуей хуэзэу къызэретхьэлIар. Iуэхур тынш тщызыщIахэм ящыщщ бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиер къызэрыдгъэсэбэпар».

УнафэщIым зэрыжиIамкIэ, 2021 гъэм и шыщхьэуIум, Iуэхум хуагъэса IэщIагъэлI 200-м щIигъум унащхьэ чэзууэ республикэр къызэхакIухьащ икIи щIы, былым, хадэ, губгъуэ щIапIэу яIэр ятхащ. Ахэр зэхуэзыхьэс цIыхухэм файлхьэгъуэ хэха ящыгъащ, планшет яIыгъащ, Роспотребнадзорым къигъэув мардэхэр ягъэзащIэу лэжьащ. Электроннэ Iэмалыр тыншу къыщIэкIащ мы гъэм икIи абы лэжьыгъэр куэдкIэ ящигъэпсынщIащ. Аурикэ зэрыжиIамкIэ, ди хэгъэгум зэкIэ спутник технологиехэмрэ къэзылъэтыхь аппаратхэмрэ къыщагъэсэбэпакъым, ауэ планшеткIэ лэжьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщапщытащ уней хадэу 114 426-рэ, фейдэ къегъэщIыным емыпха цIыхубэ зэгухьэныгъэу 140-рэ, мэкъумэшыщIэ-фермэ IуэхущIапIэу 4940-рэ, мэкъумэш организацэу 1753-рэ.

Мэкъумэш къыхэтхыкI цIыкIум и къалэн нэхъыщхьэр зи гугъу тщIы IэнатIэм щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэр къэхутэнырщ, ар иужькIэ сэбэп хъунущ мэкъумэш IэнатIэм зэрызрагъэужьыну жыпхъэхэр убзыхунымкIэ.

- ЕдгъэкIуэкIа лэжьыгъэм мэкъумэш IэнатIэ лIэужьыгъуэ зыбжанэ къызэщIеубыдэ, абы хохьэ мэкъумэш организацэхэр, фермер IуэхущIапIэхэр, уней хьэрычэтыщIэхэр, хадэхэр, пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкI щащIэ губгъуэхэр, нэгъуэщIхэри, - жиIащ Гъащтэм. – ЗэгурымыIуэныгъэ, зэпэщIэувэныгъэ лъэпкъ къыхэмыкIыу ядэлэжьащ ди цIыхухэр къуажэдэсхэм. Къапщтэмэ, IэщIагъэлIхэм къыхагъэщ къуажэдэсхэр гуапэу къазэрыпежьэри, сыт и лъэныкъуэкIи сэбэп къазэрыхуэхъуари. АбыкIэ къуажэдэсхэмрэ къалэдэсхэмрэ зэщхьэщокI.

Дэ мылъкур къэзыбж, къэзыпщытэ къулыкъущIапIэхэм дащыщкъым, ди къалэныр цIыхухэм яIэу къагъэлъагъуэр ттхынращ. Апхуэдэуи ящIэну сыхуейщ: Росстатым зэхуихьэс хъыбархэр зы къэрал IэнатIи иритыркъым, республикэм щыщыIэ щытыкIэр къращIэу езыхэм яIэ бжыгъэу аращ мыхъумэ.

Мы Iуэхум наIуэ къищIащ къэралым и мэкъумэш IэнатIэм нобэкIэ иIэ щытыкIэр, абы зиужьыным хухэха къэрал программэхэм къарикIуахэр, нэгъуэщIхэри.

Урысей Федерацэр зэрыщыту къапщтэмэ, пресс-конференцэм зэрыщыжаIамкIэ, къыхэтхыкIым мэкъумэш IэнатIэу мелуан 17 хэтащ. Къэралым и мэкъумэш IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къызэрыщыхъум къыхэкIкIэ, ар йомыгъэкIуэкIыныр Iэмал зимыIэщ, абы къегъэлъагъуэ ди къарур здынэсымрэ адрей гъэхэм елъытауэ IэнатIэм зэрызиужьамрэ.

Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щиIэ управленэм КъыхэтхыкIыр къызэгъэпэщынымкIэ, егъэкIуэкIынымкIэ и къудамэм и унафэщI Афэщlагъуэ Кларэ тепсэлъыхьащ 2016 гъэм ирагъэкIуэкIа къыхэтхыкIымрэ иджыреймрэ зэрызэщхьэщыкIым.

- Къапщтэмэ, блэкIа илъэситхум къриубыдэу мэкъумэш IуэхущIапIэу ятхам и бжыгъэр нэхъ мащIэ хъуащ, ауэ хадэ зыщIэхэр нэхъыбэщ. Фермерхэм я бжыгъэр зыгъэмащIэу къэтлъытэр нэхъыбэм уней хьэрычэтыщIэу зэрызрагъэтхырщ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, илъэс зыбжанэкIэ къызыпыкIэ жыгхэр щыхаса щIыхэр илъэситху ипэ гектар мини 5-м щIигъу къудейуэ щытамэ, иджы минибл хъуащ. Ди къыхэтхыкIакIуэхэм къапщытахэр спутникым къыдитахэм едгъэпщэжурэ дылэжьащ. Абыхэм къарикIуа бжыгъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ещанэ увыпIэр щиIыгъщ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм. Япэ итыр Ставрополь крайрщ, абы къыкIэлъыкIуэр Дагъыстэн Республикэрщ, - жиIащ Кларэ.

Гъащтэ Аурикэ дыщIигъуащ екIуэкIа къыхэтхыкI цIыкIум мэкъумэш IэнатIэ псори къызэрызэщIимыубыдар, ауэ Iуэхур зытетыр кърипщIэну, блэкIа илъэсхэм елъытауэ хэхъуамрэ хэщIамрэ зэбгъэпщэну Iэмал хъарзынэ къуэзэритыр.

КъулыкъущIапIэм зэрыщыжаIамкIэ, 2021 гъэм екIуэкIам наIуэу къыхэщахэм ящыщщ, мэкъумэш IэнатIэм пэрытхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъуами, абы елэжьыну хуейхэм я Iуэхум зэрызрагъэубгъур.

КъыхэтхыкIым къызэригъэлъэгъуамкIэ, гъавэ щIапIэу къащэхуамрэ бэджэнду къащтамрэ нэхъыбэ хъуащ, мэкъумэшыщIэхэм хьэцэпэцэ трасэмэ нэхъ къащтэ. ХадэхэкIхэмрэ кIэртофымрэ елэжьхэм я бжыгъэр щIэмащIэр абы нэхъыбэ трагъэкIуадэри аращ, хьэрычэтыщIэхэм ахъшэшхуэ хамылъхьэу щIыр къазэрыхуэгъэсэбэпыр хьэцэпэцэмкIэщ.

2021 гъэм екIуэкIар мэкъумэш IэнатIэм и къыхэтхыкI цIыкIущ, 2026 гъэм къыхэтхыкI убгъуам иужь ихьэнущ къэралыр.

АдэкIэ 2021 гъэм ирагъэкIуэкIа Iуэху нэхъ иным и гугъу щищIым Гъащтэ Аурикэ жиIащ, мэкъумэш IэнатIэм и къыхэтхыкI цIыкIум нэхърэ нэхъыбэ къызэщIиубыдэу, зэман, къару нэхъыбэ текIуадэу цIыхухэм я къыхэтхыкIыр зэрекIуэкIар.

Абы щыгъуэми интернетыр сэбэп къазэрыхуэхъуар, куэдым «Госуслуги» порталымкIэ зэрызрагъэтхар, языныкъуэ IуэхущIапIэхэм къыхэтхыкIакIуэхэр кIуэурэ гупурэ зэратхар, МФЦ-хэм щылажьэ апхуэдэ щIыпIэ 12-м зыщрагъэтхыну цIыхухэм Iэмал зэраIар къыхигъэбелджылыкIащ унафэщIым.

КърикIуахэм я гугъу пщIымэ, 2021 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыху 904 200-рэ ису щатхащ. 2010 гъэм еплъытмэ, ди цIыхухэм я бжыгъэр проценти 5-кIэ хэхъуащ, нэхъыбэр, процент 57,1-р, къэбэрдейщ. Республикэм исхэм я нэхъыбэр къалэхэм щопсэу (процент 52-р).

ЦIыху 904 200-м щыщу 880 911-ращ къызыхэкIа лъэпкъыр къэзыгъэлъэгъуар. Абыхэм ящыщу 502 615-р къэбэрдейщ, (а бжыгъэм хэмыту 26 544-м шэрджэсу зрагъэтхащ, 579-р адыгейщ, 9-р шапсыгъщ), 174 768-р урысщ, 120 898-р балъкъэрщ, 16 860-р тыркущ, осетину – 6877-рэ, цыджану - 4122-рэ, ермэлыуэ 3987-рэ, корейуэ 2926-рэ, азербайджану 1767-рэ, шэшэну - 1675-рэ, тэтэру – 1544-рэ, украину – 1461-рэ, куржыуэ 1279-рэ исщ, адрейхэм я бжыгъэр мин ирикъуркъым. Псори зэхэту къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъи 109-рэ щатхащ.

Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щиIэ управленэм Къэрал статистикэмкIэ и къудамэм и унафэщI Джаппуевэ Жанеттэ къыхигъэщащ, нэхъапэми хуэдэу, бзылъхугъэхэр цIыхухъухэм нэхърэ зэрынэхъыбэр. 2021 гъэм цIыхубзхэр мин 46-кIэ нэхъыбэщ, 2010 гъэм мин 56-кIэ нэхъыбэу щытащ.

Сабийхэмрэ илъэс 15-м нэс ныбжьыщIэхэмрэ я бжыгъэр мин 16,4-кIэ хэхъуащ, ар процента 9,2-рэ мэхъу. Лэжьыгъэ IэнатIэ пэрыт цIыхухэм я бжыгъэм зэрызихъуэжа щIагъуэ щыIэкъым, мин 540-рэ хъууэ къабжащ. Абыхэм нэхърэ нэхъыжьхэм я бжыгъэр мин 27,9-кIэ нэхъыбэ хъуащ 2010 гъэм елъытауэ. Абы тепщIыхьмэ, лэжьэгъуэ ныбжьым ит цIыху мин къэс ныбжькIэ нэхъыжьу 674-рэ яхуозэ.

КъыхэтхыкIым къызэригъэлъэгъуамкIэ, нэчыхь зиIэ цIыхухъухэм я бжыгъэр мини 195,2 -рэ, нэчыхь зиIэ цIыхубзхэр мини 197,4-рэ мэхъу. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэу республикэм исщ цIыху 164283-рэ, курыт щIэныгъэ яIэщ 190003-м, IэщIагъэ щызэрагъэгъуэт курыт еджапIэр къаухащ цIыху 244568-м, квалификацэ нэхъыщхьэ яIэщ IэщIагъэлI 8435-м.

Ныбжьышхуэ зиIэ нэхъыжьу Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыху 1981-рэ исщ, абыхэм ящыщу 615-р цIыхухъущ, 1366-р цIыхубзщ. 2010 гъэм илъэс 90-м щхьэдэха дадэрэ нанэу 1661-рэщ исар республикэм. 2010 гъэм елъытауэ курыт ныбжьыр илъэс 35-м къикIри, илъэс 37-м нэсащ.

Къэрал статистикэм и лэжьакIуэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, Iуэхум нэхъ гугъуу хэлъар куэдым я лъэпкъыр зыхуэдэмрэ я анэдэлъхубзэр ящIэрэ ямыщIэрэ жаIэну зэрыхуэмеярщ. ЦIыху мин 23-м зыщыщ лъэпкъыр къагъэлъэгъуакъым.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтыр **Къэрей Элинэ** *трихащ.*

ЗыщыгуфIыкIа Iуэхугъуэ

● Жылагъуэ

«ФIагъ лъагэ зиIэ гъуэгу шынагъуэншэхэр» зи фIэщыгъэ лъэпкъ пэхуэщIэм (проектым) и фIыгъэкIэ иужьрей илъэс зыбжанэм ди щIыналъэм Iуэхугъуэ хъарзынэхэр щызэфIэкIащ. Жылагъуэ-экономикэ зыужьыныгъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ гъуэгу зэIузэпэщхэм, абыхэм зыкъомкIэ елъытащ цIыхубэм я щыIэныгъэри. Апхуэдэу, пэхуэщIэм и фIыгъэкIэ, Зеикъуэ (ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ) къуажэм деж Дыгъэмыхъуэрэ Хьэрэкхъуэрэрэ зэрипхыу Бахъсэныпсым телъ лъэмыжыр иджыблагъэ зыхуей хуагъэзащ.

КЪУАЖЭЩIЫМРЭ адрыщIымрэ зэпызыщIэ лъэмыжыр жылэр къыщытIысым япэ дыдэу ящIа ухуэныгъэхэм ящыщщ. Илъэс щитIым нэблэгъа лъэмыжыр абы лъандэрэ мызэмытIэу зэрахъуэкIащ, трахыпэу щIэуэ щытралъхьэжаи къыхэкIащ. Иджы телъыр зэращIрэ илъэс щэ никъуэм щхьэдэхащ, ауэ ар зэрызэрамыгъэпэщыжрэ куэд щIащ. Иужьрей дыдэу гъуэгуухуэхэр абы щеIусар 1980 гъэхэрщ. Аращ къызыхэкIар жьы хъуа лъэмыжыр трахыныр, и лъабжьэр ягъэжу ибгъухэр гъуэгущхьэIухэм къыхагъэхьэжыныр.

Метр 30 зи кIыхьагъ лъэмыжыр щIэрыщIэу тралъхьэжауэ жыпIэ хъунущ. Къуажэдэсхэр «Дыгъэмыхъуэ лъэмыжкIэ» зэджэм и екIуэлIапIэхэр трахри, ар зыбгъэдыхьэ псыхъуэ ныджэхэр къатIэщIащ. Гъуэгуухуэхэм ныджэ егъэбыдылIапIэхэр нэхъ бгъуэ ящIащ, лъэмыжыр яIэтри яшэщIащ. Абы къыдэкIуэу лъэмыжым и лъэгур зытрагъэжыхьыну щIыпIэхэм гъущIыкIэ хагъэжыхьащ, лъэмыж бгыкъухэмрэ щхьэIумрэ хагъэувэжащ. Лъэмыжым и пкъыр псыхъуэ нэпкъхэм хагъэжыхьа нэужь, лъэныкъуитIымкIэ къекIуалIэ гъуэгухэм хыхьэжу асфальт тралъхьэжащ. Лъэмыжым ирахьэлIа лэжьыгъэр зэрыщыту цIыхум и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ щыIэ мардэхэми, гъуэгум и фIагъыр къэзыIэт щапхъэхэми тохуэ. Къыхэгъэщын хуейщ лъэмыж лъэныкъуитIми пщыхьэщхьэкIэ къыхэнэу уэздыгъэхэр зэрытрагъэувар, гъуэгу дамыгъэхэр зэрытращIар, зэпрыкIыпIэхэмрэ лъэс лъагъуэхэмрэ зэрыхуащIар.

Къуажэдэсхэм я дежкIэ лъэмыжым мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы хьэблитIыр зэпищIэ къудейкъым, атIэ жылагъуэм Iуэхутхьэбзэ хуэзыщIэ социальнэ IуэхущIапIэхэр зэрепх. Дыгъэмыхъуэ куэщIым щIыналъэпсо мыхьэнэ зиIэ сымаджэщыр итщ, апхуэдэуи абдеж унагъуэ куэд щысщ, адрыщIыр цIыху минитIым нэблагъэм я псэупIэщ. Къуажэм къизышэ гъуэгу закъуэр лъэмыжым зэрикIым къыдэкIуэу, цIыхум я узыншагъэмрэ шынагъэншагъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ и мыхьэнэр зэрыиным къыхэкIыу ухуэныгъэр къэралым и нэIэм щIэтщ. Лъэмыжым ехьэлIа ухуэныгъэхэр и кIэм зэрынэблэгъар цIыхухэм гуапэ ящыхъуащ икIи гуфIэгъуэ зэIущIэшхуи иращIэкIащ. Абы кърихьэлIащ къуажэм щIыпIэ унафэр щызезыхьэ къулыкъущIапIэм и IэщIагъэлIхэр, жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр, нэхъыжь хасэм хэтхэр, къуажэдэсхэр. Гулъытэ къахуищIу, я гуныкъуэр зэхищIыкIыу лъэмыжым ехьэлIа ухуэныгъэхэр къызэгъэпэщынымкIэ дэIэпыкъуэгъу къахуэхъуа КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ хуащIащ, КъБР-м Трнаспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэм, ухуэкIуахэм фIыщIэ тхылъхэр иратащ. ЦIыхухэр зэхэту ухуакIуэ гупым лъэмыжым и быдагъыр ар къызэралъытэ IэмалхэмкIэ ягъэнахуэри, Iэгуауэмрэ хъуэхъумрэ хэту абы машинэхэр трагъэхьащ.

Администрацэм и унафэщI Къэрмокъуэ Гъумар къыщыпсалъэм, лъэмыжыр зэгъэпэщыжыным зи гуащIэ езыхьэлIахэм псалъэ дахэкIэ захуигъэзащ. «Мы лъэмыжым куэдкIэ елъытащ цIыхум и псэуныгъэри, и гъащIэри. Бахъсэн щIыналъэм щынэхъ ин дыдэ сымаджэщыр щхъуантIагъэм хэту Дыгъэмыхъуэ куэщIым итщ. Абы уезышалIэр мы лъэмыжращ. Мы лъэныкъуэм сабий куэд щопсэу, еджапIэ щыкIуэкIэ махуэ къэс лъэмыжым къикIын хуейуэ. Мэкъумэш лэжьыгъэхэр IэнатIэ зыщIар мы лъэныкъуэм илъ губгъуэхэм къихьэнумэ, ари лъэмыжым икIын хуейщ. ЖыпIэнуращи, къуажэм и жылагъуэ-экономикэ гъащIэр къызэзыгъэпэщхэм мы лъэмыжыр ящыщщ. Ар зыхуей зэрыхуэзар, екIуу зэрызэрагъэпэщыжар псом я дежкIэ гуфIэгъуэщи, фIы къытхудэкIуэну си гуапэщ», – жиIащ Къэрмокъуэ Гъумар.

Гъуэгуухуэхэм зэрыжаIэмкIэ, лъэмыжым епха лэжьыгъэхэр мазиплIкIэ нэхъ пасэу яухащ, ауэ щыхъукIэ ухуэныгъэ технологием къигъэув мардэхэр зыри къэмынэу нэсу ягъэзэщIащ. Къуажэдэсхэр зыщыгуфIыкIа Iуэхугъуэр махуэ яхуэхъуну, фIыгъуэ куэд къырикIуэну дэри ди гуапэщ.

ШУРДЫМ Динэ.

«2022 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «2022 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.
2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.
3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ
Налшык къалэ
2023 гъэм накъыгъэм и 25-м
№710-П-П

2022 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ
2023 гъэм накъыгъэм и 25-м

1-нэ статья

2022 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр (адэкIэ къызэрыкIуэнур республикэ бюджетщ) гъэзэщIа зэрыхъуам теухуа отчётыр къэщтэн хэхъуэхэр сом мин 64781415,4-рэ, хэщIхэр сом мин 63113770,1-рэ хъууэ, хэхъуэхэр хэщIхэм нэхърэ (республикэ бюджетым и профицитыр) нэхъыбэу икIи мыпхуэдэ теплъэхэр иIэу:

1) бюджетым и хэхъуэхэм я квалификацэм и кодхэмкIэ 2022 гъэм и республикэ бюджетым и хэхъуэхэр мы Законым и гуэдзэн №1-м техуэу;
2) республикэ бюджетым и хэщIхэр IэнатIэхэм зэрытегуэшамкIэ 2022 гъэм и республикэ бюджетым и хэщIхэр мы Законым и гуэдзэн №2-м къызэрыщыгъэлъэгъуам тету;
3) бюджетхэм я хэщIхэр зэрызыхагъэщхьэхукI Iыхьэхэмрэ Iыхьэ зэхуэдитIхэмкIэ 2022 гъэм республикэ бюджетым и хэщIхэр;
4) бюджетхэр зыхущыщIэр ахъшэхэм я къыхэкIыпIэхэр зэрызэхагъэщхьэхукIа кодхэмкIэ 2022 гъэм республикэ бюджетыр зыхущыщIэм зэрырагъэкъуж хэкIыпIэхэр мы Законым и гуэдзэн №4-м тету.

2 статья

Мы Законым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек.
Налшык къалэ
2023 гъэм мэкъуауэгъуэм и 9-м
№24-РЗ

ЛэжьапIэтхэм яхуэгъэзауэ

ЛэжьакIуэ къэзылъыхъуэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм папщIэ 2023 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м екIуэкIынущ «Урысейм узэрыщылэжьэнур. Iэмалхэм я чэзу» урысейпсо жармыкIэм и федеральнэ Iыхьэр.

IУЭХУЩIАПIЭХЭР сыт хуэдэ лэжьакIуэ хуэныкъуэми, IэнатIэ щхьэхуэхэм увыну зызыгъэхьэзырхэм хуагъэув мардэхэми, лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэща щIыкIэми, улахуэм и инагъми, жылагъуэ дэчыхыныгъэ яIэнухэми щыгъуазэ защIыфынущ зэхуэсым хэтынухэм. Видеоконференц IэмалкIэ абыхэм къахуэзэнущ Мэзкуу, Санкт-Петербург, Севастополь, Набережные Челны, Тольятти, Мэзкуу, Ленинград, Самарэ областхэмрэ къэралым и нэгъуэщI щIыпIэхэмрэ щыщ унафэщIхэр.

ЦIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэзыгъэпэщ центрым и IэщIагъэлIхэм чэнджэщ къыбгъэдахыфынущ жармыкIэм хэтынухэм, нэхъ IэмалыфI къезытыну хэкIыпIэхэмрэ нэхъ псынщIэу зызыужь къудамэхэмрэ къыжраIэнущ лэжьапIэ къэзылъыхъуэхэм.

Зэхуэсым ирихьэлIэнухэм Iэмал яIэнущ «КъБР-м лэжьапIэ къыщыбгъуэтын папщIэ, профориентацэр сэбэп мэхъу» семинарым хэтыну. Абдежым щекIуэкIынущ «Пэжу зэхэлъхьа резюмер лэжьапIэфI къэбгъуэтыным хуэунэтIа япэ лъэбакъуэщ» мастер-классыр.

КъБР-м щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэр къыщызэфIэгъэувыжын IуэхукIэ щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм хиубыдэу, жармыкIэм хэтынущ «Республикэм лъэпкъ IэпщIэлъапщIагъым зыщегъэубгъунымкIэ центр» IуэхущIапIэр. ДыщэхэкI щIынымкIэ, тхыпхъэ хэдыкIынымкIэ, дыщэидэмкIэ мастер-классхэр ирагъэлъагъунущ хьэщIэхэм. Кхъуэщын щIыкIэми ирагъэсэнущ.

ЖармыкIэр щекIуэкIынущ мы хэщIапIэм: Налшык къалэ, ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ уэрам, 28, Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэ. Сыхьэт 11-м щIедзэ.

Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэр ди къэралым щагъэлъапIэ мэкъуауэгъуэм и ещанэ тхьэмахуэм. Ди къэралым и щIыпIэ куэдми хуэдэу, ди республикэми а махуэм ирихьэлIэу зэхыхьэ зэхуэмыдэхэр щрагъэкIуэкI. Абыхэм ящыщ зыщ щIыналъэм и медицинэ лэжьакIуэхэр хэту тхьэмахуищкIэ щыIа республикэ спартакиадэр. КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм къыхилъхьа жэрдэмыр диIыгъащ республикэм СпортымкIэ и министерствэм икIи зэхьэзэхуэр щIэщыгъуэу икIи нэгузыужьу къызэрагъэпэщащ.

Узыншагъэмрэ спортымрэ зэпхащ

СПАРТАКИАДЭР мы гъэм илъэс етIуанэ хъуауэ ирагъэкIуэкI икIи абы хэтыну гупыж зыщIэхэм я бжыгъэм хохъуэ. Апхуэдэу мы гъэм зэхьэзэхуащ республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр хэту къызэрагъэпэща гуп 12, псори зэхэту цIыху 360-м я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ спартакиадэм.

Медицинэм и лэжьакIуэхэр зэпеуащ шахмат джэгункIэ, футболкIэ, теннискIэ, атлетикэ псынщIэкIэ, мывэ, топ дзынкIэ, нэхъ жыжьэу лъэнымкIэ, гимнастикэкIэ, кIапсэ зэпекъункIэ.

Спартакиадэм хэтхэм защыхуигъазэм КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам жиIащ Iуэху щхьэпэр хабзэ ящIу илъэс къэс зэрырагъэкIуэкIынур.

- ФIыуэ лажьэм зыгъэпсэхукIи ещIэ, - жиIащ абы. – Псом хуэмыдэу медицинэм и лэжьакIуэхэр щыгъуазэщ гъащIэ узыншэ епхьэкIыным и мыхьэнэр. Абы ипкъ иткIи, нобэрей зэхьэзэхуэм абыхэм я узыншагъэмкIи щхьэпэщ, къищынэмыщIауэ, жылагъуэми щапхъэ фахуэхъунущ. Зэхьэзэхуэм ехъулIэныгъэхэр щывиIэну сынывохъуэхъу, Iуэхум жыджэру фызэрыхэтым папщIи фыщIэ фхуэзощI.

- Узыншагъэмрэ спортымрэ зэпыщIащ, - жиIащ КъБР-м спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам. - ЦIыху нэхъыбэ спортым дихьэхыхукIэ, фэри фи лэжьыгъэр нэхъ мащIэ хъунущ, аращи, дызэгуэсэу жылагъуэр абы зэрыхэтшэным дыхущIэкъунущ. Къапщтэмэ, абыкIэ щапхъэ мис мыпхуэдэ зэхыхьэхэр. АдэкIэ зэгъусэу абыхэм къапытщэнущ.

Спартакиадэр зэхуащIыжащ щIэбэт махуэм. Абы къыщыхэжаныкIахэр ягъэпэжащ КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм и фIыщIэ тхылъхэмкIэ, саугъэтхэмкIэ. Зэхьэзэхуэм щытекIуа гупым и саугъэт нэхъыщхьэр – кубокыр – щратыжынущ Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэм теухуауэ мэкъуауэгъуэм и 16-м Музыкэ театрым щрагъэкIуэкIыну пшыхьым.

ТХЬЭУХУЩЫНЭ Ланэ.





● ФIыщIэ

ЕгъэджакIуэ гуимыхуж

ЕгъэджакIуэмрэ гъэсакIуэмрэ я илъэсым ди гуапэу дохъуэхъу Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм и курыт еджапIэ №2-м физкультурэмкIэ и егъэджакIуэ Къалмыкъ Роберт и ныбжьыр илъэс 50 зэрырикъуамкIэ.

ЖЭУАПЛЫНЫГЪЭ хэлъу зи IэщIагъэм бгъэдэт Къалмыкъ Роберт абы къызэрыхуигъэщIам шэч хэлъкъым. Илъэс 30-м щIигъуауэ зи IэнатIэм хуэпэж егъэджакIуэ нэсым, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къытхуегъуэтыф. Абы гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуи къыддригъэкIуэкIащ. И дуней тетыкIэр, дэтлъагъу хабзэр дэркIэ щапхъэт. Апхуэдэ егъэджакIуэхэр, чэнджэщакIуэхэр нобэ зырызыххэщ. И лэжьэгъухэмрэ и гъэсэнхэмрэ къыхуащI пщIэр езым и дуней тетыкIэ дахэмкIэ къилэжыжащ ди егъэджакIуэм.

Псэемыблэжу, гу къабзэрэ псэ хьэлэлкIэ и лэжьыгъэм зэрыпэрытым и щыхьэтщ и гъэсэнхэр республикэпсо, урысейпсо зэпеуэхэм мызэмытIэу пашэ зэрыщыхъуар. Роберт фIыщIэ хуэфащэщ ди республикэми, Урысейми, хамэ къэралхэми цIэрыIуэ щыхъуа, ди щIыналъэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIуа щIалэхэр спортым зэрыдригъэхьэхыфам папщIэ.

Ди егъэджакIуэм дохъуэхъу узыншагъэрэ дэрэжэгъуэрэ и бэу, и унагъуэр цIыху кIуапIэу, гуфIэгъуэр имыкIыу, дэ тхуэдэу и гъэсэнхэр къыхуэарэзыуэ иджыри илъэс куэдкIэ лэжьэну!

Зеикъуэ къуажэм и курыт еджапIэ №2-р 1999 гъэм къэзыухахэр.

Дунейм щыхъыбархэр

Уасэхэм щIыхэхъуэр

УФ-м и вице-премьер Абрамченкэ Викторие къызэрилъытэмкIэ, гъэмахуэмрэ бжьыхьэм и япэ мазэмрэ ерыскъыхэкIхэм я уасэхэр ехуэхыурэ екIуэкIынущ.

Урысейм и Правительствэм тхьэмахуэ къэс къепщытэ ерыскъыхэм я уасэр зыхуэдэр икIи абы къигъэлъагъуэм ипкъ иткIэ, щытыкIэр иджыкIэ зэпIэзэрытщ. Вице-премьерыр мэгугъэ ерыскъыхэкIхэр зэрызэрагъэкIуэкIым инфляцэм зэхъуэкIыныгъэ химылъхьэну.

Ерыскъыхэм я уасэр ехуэхами, иужьрей тхьэмахуэм къэралым и илъэс инфляцэр процента 2,68-кIэ хэхъуащ. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу къагъэлъагъуэр автомобилхэмрэ цIыхухэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэм зэрыхэхъуарщ. Урысейм и Банк Нэхъыщхьэм нэхъапэкIэ хъыбар зэбгригъэхащ уасэхэм псынщIэу зэрызаIэтынум теухуауэ икIи жиIащ илъэсым и кIэм къэралым щыIэ инфляцэр процент 4,5-6,5-м зэрынэсынур.

Уасэхэм я щытыкIэр, дэуейкъеухыр, куэдкIэ елъытащ урысей сомым и пщIэм. Ар къехуэхмэ, хамэ къэрал хьэпшыпхэм я уасэр лъапIэу щытынущ. Иужьрей махуэхэм долларымрэ еврэмрэ я уасэхэм хохъуэ.

ХэкIыпIэр зыщ

Германием лъэпкъ шынагъуэншагъэм хуэгъэза и политикэм Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу къыщигъэлъэгъуащ украинэ зэныкъуэкъум гъунэгъу къэралхэр къыхэшэныр къызэпыудын хуейуэ.

ФРГ-р и телъхьэщ Украинэр демократиер щытепщэ къэрал щхьэхуиту къэнэжыным икIи Урысейм къыпэлъэщыным кIэ дэIэпыкъуэгъу мэхъу, апхуэдэ и Iуэху бгъэдыхьэкIэмкIи Германием и шынагъуэншагъэм хэлъхьэныгъэ хуищIу къелъытэ.

Урысейр куэдым зэрагъэкъуаншэм и жэуапу, УФ-м и Президент Путин Владимир «RT»-м и военкорым щепсалъэм къыхигъэщащ: «КъухьэпIэм и къэралхэм Украинэм щыIэ зэныкъуэкъур зэпсэлъэныгъэкIэ зэтрагъэувыIэнумэ, абыхэм зы унафэ закъуэщ къащтэн хуейр – Iэщэрэ техникэкIэ къызэгъэпэщыныр щагъэтыпхъэщ. Абы щыгъуэм Киев куэд дэмыкIыу езым жэрдэм ищIынущ лъэныкъуитIым яку дэлъ зэпэщIэтыныгъэр зэпсэлъэныгъэкIэ зэфIигъэкIыну».

Мэкъуауэгъуэм и 15,
махуэку

♦ **1561 гъэм Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие) Москва нэсащ.**
♦ **1892** гъэм къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Бырс Анзор.**
♦ **1929 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Туаршы Аслъэн.**
♦ **1943 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Пщыгъуэш Юрэ.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 16,
мэрем

♦ **1931 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Хьэжмэт Хьэсэн.**
♦ 1940 гъэм къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Къумахуэ Владимир.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 17 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI ИЗЭЩ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ПыIэ зыщхьэрыгъ псори лIыкъым.

Экономикэ **Политикэ**

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ **Жылагъуэ Iуэху**

● Гагариным и губгъуэ

Зэманыр кIуэхукIэ тхыдэм нэхъыбэ къетIэщIыж

Псалъэм и хьэтыркIэ, псори щыгъуазэщ Гагарин Юрий 1961 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м Байконур космодромым илъэтыкIыу дунейм и тхыдэм щыяпэ дыдэу хьэршым зэрылъэтам. АрщхьэкIэ ар къызэрытIысыжа щIыкIэм теухуауэ къыбжаIэфынур мащIэщ. Апхуэдэу хащIыкI щыIэкъым ар къыщытIысыжа щIыпIэми. Апхуэдиз мыхьэнэ зиIэ Iуэхум зэIумыбзыныгъэхэр къебэкIыу щытащ...

ХЭБГЪЭЗЫХЬМЭ, езы конструктор нэхъыщхьэ Королёв Сергей шэч къытрихьэрт ирахьэжьа Iуэхур къехъулIэным: абыкIэ шэсыпIэ зыри ихьэфынутэкъым. А щхьэусыгъуэм къыхэкIыу кхъухьыр яутIыпщын ипэкIэ Совет Союзым и телеграф агентствэм (ТАСС) хуагъэхьат зэуэ телеграммищ, ауэ къызэджэн хуейр зы закъуэрт: абы къыщыгъэлъэгъуат цIыхур япэ дыдэу хьэршым зэрылъэтар икIи ЩIы хъурейр къилъэтыхьу къызэрытIысыжар. ЕтIуанэм нэгъуэщI къэралхэм я правительствэхэм захуигъазэрт «Восток» кхъухьыр къалъыхъуэн папщIэ къадэIэпыкъуну елъэIуу - ар хамэ щIыналъэм щехуэхауэ е хым хэхуауэ къыщIэкIмэ. ИкIэм-икIэжым ещанэм итт космонавтыр зэрыхэкIуэда хъыбар гуауэр. Ди насыпти, телеграммитIыр зэфIатхъыжын хуей хъуащ: псори бэIутIэIуншэу зэфIэкIащ. Пэжщ, зыщымыгугъа гуэрхэри къэхъуащ. Абы къыхэкIыу Гагариныр къыщетIысыхэжар Байконур космодромым и гъунэгъуукъым, атIэ абы километр минищым нэскIэ пэжыжьэ Саратов областым щыщ Энгельс къалэм и Iэшэлъашэхэрщ. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, Смеловкэ, Узморье къуажэхэм я зэхуаку губгъуэрщ. Дауи, щIыпIэм щыпсэухэр апхуэдэ зэIущIэм зыкIи хуэхьэзыртэкъым. Радиом къызэритымкIэ, космонавтыр иджыри Африкэм щхьэщытт икIи щIым къэкIуэжыну зигъэхьэзыр къудейт: хъыбархэр нэхъ гувауэ къакIуэрт.

Езы «Восток-р» зэраутIыпщам теухуа хъыбарыр ТАСС-м къыщитар ар гъуэгу техьэу дакъикъэ 40 дэкIа иужькIэщ. АрщхьэкIэ къуажэдэсхэм ар ящIэртэкъым, абы къыхэкIыуи хуабжьу телъыджэ ящыхъуащ уэгум къех парашютхэр. Властхэм зэрагъэIуар Гагариныр космос кхъухьым исыу къэтIысыжауэщ. Ауэ а зэманым апхуэдэ яхузэфIэкIынутэкъыми, катапульткIэ кхъухьым кърадза космонавтыр парашюткIэ къехыжащ. ПцIы щIаупсам лъабжьэ иIэт: дунейпсо жылагъуэм апхуэдэ къэтIысыжыкIэм и зэранкIэ цIыхур хьэршым мылъэтэфауи къыщIригъэдзынкIэ хъунут. Ауэ ар зэрыпцIыр Смеловкэрэ Узморьерэ щыпсэухэм ялъагъурт: ахэр кIэлъыплъурэ къехырт парашютиплI. Абыхэм кърахьэхырт Гагариным нэмыщI езы кхъухьыр, апхуэдэу рацэ, кхъуафэжьей, ерыскъыхэкIхэр, щыгъын хуабэхэр зэрылъ ашычыр. Ахэри щIыпIэ зырызхэм къыщыхутащ. Къызэхуэсахэр абыхэмкIэ зэрыхьащ. Дэтхэнэри хуейт мы къэхъуам езым и фейдэ гуэр къыхигъэкIыну: парашютхэр къызыхэщIыкIа шылэр лъапIэт. Ауэ нэхъыбэр зыхущIэкъур шпион къаубыдынырт. Илъэси дэкIатэкъым СССР-м и уэгум америкэн кхъухьлъатэ тIасхъэщIэхыр къызэрыщраудыхрэ. Абы исар къэзыубыдар зауэлIхэртэкъым, атIэ Свердловск областым щыщ Косулинэ къуажэм и мэкъумэшыщIэхэрт.

Арати, зауэм хэта къуажэдэсхэм ломхэр, гуахъуэхэр къащтэри, щIыпIэм зэрыхьащ. Адрейхэм яфIэгъэщIэгъуэнт екIуэкI Iуэхухэр. АрщхьэкIэ япэ дыдэу Гагариным IущIар мэз лэжьакIуэм и щхьэгъусэ Тахтаровэ Аннэрэ и пхъурылъху Ритэрэщ. ТIури егъэлеяуэ шынащ скафандр гъуабжэр щыгъыу уафэм къеха цIыхур щалъэгъуам. ЩIэпхъуэжыну хэтащ, арщхьэкIэ Гагариным Iэ яхуищIащ: «Сыт фыщIыщIэпхъуар? Сэ сысовет цIыхущ, фымышынэ. Фыкъызбгъэдыхьэ»! Урысыбзэм зытригъэуIэфIэжащ фызыжьымрэ и пхъурылъхумрэ. Гъунэгъуу бгъэдыхьа нэужь, къалъэгъуащ космонавтым щхьэрыгъым ину тетха «СССР» псалъэхэр.

Ауэрэ адрейхэри къэсащ. Абыхэми къепсэлъащ. АрщхьэкIэ мыгувэу къабгъэдэлъэдащ зауэлIхэр зэрыс автомашинэр. КIыхь зрамыгъэмыщIу Гагариныр ЗИЛ-151-м ирагъэтIысхьэри, дзэ частым яшащ. Щежьэжым Гагариным колхозхэтхэм яжриIащ къызэригъэзэжынур икIи елъэIуащ парашютхэр яхъумэну. АрщхьэкIэ цIыхухэр пхуэубыдынт?! КъаIэрыхьэу хъуар зэбграхыу щIадзащ. Зыри къагъэнакъым. Къащхьэпэжащ шпион къаубыдын папщIэ къащта ломри.

Парашютыр Iыхьэ-Iыхьэу зэхуагуэшащ къуажитIым дэсхэм. ИужькIэ зауэлIхэм къагъуэтыжащ зэбграхахэр - рацэри, кхъуафэжьейри. Королёв къэгубжьащ «хьэкIэкхъуэкIэхэм» зэхащIыхьам папщIэ. АрщхьэкIэ Гагариныр лъэIуащ зыри бэлыхь хамыдзэну. Арати, къахуэгъуащ.

Езы Юрий и псалъэр игъэпэжащ: илъэсиплI дэкIа иужь, 1965 гъэм и щIышылэм, Смеловкэрэ Узморьерэ кIуащ. Ар дахэ дыдэу ирагъэблэгъащ. Езыр еупщIащ: фэ сыт щхьэкIэ фылъэIуэну? Зралъэфыхьхэрт, ауэ зыр нэхъ тегушхуащ: «Машинэ къэсщэхуну сыхуейт»! Куэдым ямыщIэнкIэ хъунщ, арщхьэкIэ а зэманым автомобилыр гъуэтыгъуей дыдэт. Гагариныр дэIэпыкъуащ!

Иджы а псори тхыдэм хэгъуэщэжащ. Къэнар дунейм и япэ космонавтыр хьэршым къыщикIыжа щIыпIэрщ. Гъэ къэс мэлыжьыхьым и 12-м мыбы къулыкъущIэхэр къокIуэри, Гагариным и губгъуэм щагъэува мемориалым удз гъэгъахэр тралъхьэ. Школ музейм сакъыу щахъумэ «Восток-м» къыфIаIуэнтIыкIа пкъыгъуэ цIыкIухэр. Мы щIыпIэр турист кIуапIэ ящIыну жаIат, арщхьэкIэ зэкIэ Узьморье жылэм нэс кIуэ гъуэгум асфальт тралъхьа къудейщ. Абыи щогуфыкI къуажэдэсхэр.

● Ар зэрыщытар

Зэгухьэныгъэм кIэ зэригъуэтар

И мурадхэр зэрызрагъэхъулIэну къарухэр щыхуримыкъум и деж бийр хуэкIуэ хабзэщ террорист Iэмалхэм. Ар къыщежьари дыгъуасэкъым. Апхуэдэ щIэпхъаджагъэ лIэужьыгъуэхэр сыт щыгъуи нэхъ зэгуауэр зэныкъуэкъум пэIэщIэ цIыху мамырхэрщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ ар мы зэманым долъагъу Каховскэ ГЭС-р къызэрагъэуам и щапхъэмкIэ. НэгъуэщIхэм зэкIэ я гугъу тщIыххэнкъым. Ауэ а псори щыхьэт тохъуэ нацистхэр зэрыгущIэгъуншэм, ахэр фIырыфIкIи къызэрымыувыIэнум. Мы тхыгъэм дэ щыфхуэтIуэтэну дыхуейт къэунэхуу лъэлъэжыхукIэ къэрал кIуэцI, къэрал щIыб жагъуэгъухэм екIурабгъу имыIэу япэщIэта СССР-м и НКВД-м и тхыдэм щыщ зы напэкIуэцI закъуэ.

1920 ГЪЭМ Кърымыр ябгынащ хужьыдзэхэм. Абыхэм япэщIыкIэ хэщIапIэ яхуэхъуат Тыркумрэ Алыджымрэ. Хамэ щIыналъэм къыщыхутами, зауэлI хабзэр къызэтенат икIи ар текI имыIэу ягъэзащIэрт. КъыхагъэщIами, кIэухыу къатекIуауэ зыми къилъытэртэкъым. Щызэпсалэкiэ зыгуэрхэм куэдрэ къафIыхэхуэрт «Мыдэ зэ дгъэзэжмэ...» псалъэхэр. Псори пэплъэрт гъуэгу техьэну унафэ къыщыхуащIынум. АрщхьэкIэ ар къэмысурэ, илъэсхэр дэкIащ. Я мылъкур яIэщIэухэу хуежьащ, къыдэIэпыкъуну батэр зыгъэша къэралхэри къелIэлIэжыртэкъым, къаужэгъуати. Дзэр лъэлъэжырт. Генералхэм епIэщIэкIыу къалъыхъуэрт хэкIыпIэхэр.

1924 гъэм фокIадэм и 1-м барон Врангель унафэ къыдигъэкIащ урысеидзэр Псоми я зэхуэдэ урыс дзэ зэгухьэныгъэм (РОВС) зэрыхуагъакIуэм теухуауэ. Дзэр зэбграутIыпщыкIыжырт, арщхьэкIэ зауэлI къызэрыгуэкIхэри офицерхэри быдэу зэпыщIауэ икIи зэрыщIэу щытын хуейт. ЦIыху мини 100-м щIигъу зыхэт зэгухьэныгъэм къудамэхэр щиIэт дунейм и щIыналъэ куэдым. «Цырхъ» зэрызэхахыу батальону, полкыу, уеблэмэ, дивизиеу зэхыхьэу ахэр къежьэну хьэзырт. СССР-м и гъунапкъэхэм щэхуу къызэпрысыкIыурэ, унафэм пэмыплъэжыфхэм ди къэралым и щIыналъэм бзаджэнаджагъэхэр щалэжьырт.

Врангель Пётр лIа иужь 1928 гъэм РОВС-м и Iэтащхьэ хъуа генерал Кутепов Александр жиIащ Совет Союзым и бий террорист бэнэныгъэр зэрыщIагъэхуэбжьэнур. Ауэ ахэр зыхуэлъэхэри жейртэкъым. 1930 гъэм щIышылэм и 26-м махуэ шэджагъуэм Париж лъэужьыншэу щыбзэхащ езы Кутеповыр. Хужьхэм я газетхэм къалъытащ ар большевикхэм яукIауэ икIи абыхэм епцIыжакIуэхэр ядэIэпыкъуауэ. ЗэщIэхъееныгъэм хэтхэм шэч зэхуащI хъуащ. ИпэIуэкIэ абы къыщызэрагъэпэщат «бийхэм зезыщахэр» сэтей къащIыну пщэрылъ зыщащIа гуп. АрщхьэкIэ Кутепевыр яхуэхъумакъым. Контрразведкэр и къалэнхэм пэмылъэщу къилъытэри, властыр зыIэщIыхьа генерал Миллер Евгений абы и унафэщIу игъэуващ Граждан зауэм лIыгъэ щызезыхьа генерал Скоблин Николай. Абы дзыхь хуумыщIмэ, хэт хуэпщIын?

Совет Союзыр сакъыу кIэлъыплъырт зэгухьэныгъэм и IуэхущIафэхэм. КъэхьеинкIэ хъуну зауэм дэтхэнэм и лъэныкъуэу къыщыувыну абы хэт цIыху минипщIхэр? Сыт я мурадыр? А упщIэхэм я жэуапхэр тIасхъэщIэххэм къагъуэтырт. Япэрауэ, РОВС-м и Iэтащхьэ къулыкъур зэрыIэрыхьэу Миллер жиIащ удын «жыгъейхэм» мыхьэнэ ямыIэжу къызэрилъытэр. РОВС-м дяпэкIэ и къалэн нэхъыщхьэу щытынущ СССР-м хамэ къэралхэр зэрытеуэу абы и щIыналъэм зыкъыщызыIэтыну гупхэр куэду къызэгъэпэщыныр. ЕтIуанэрауэ, белджылы хъуащ 1934 гъэм къыщыщIэдзауэ Ещанэ рейхым зыпищIэну генерал Миллер зэрыхущIэкъур. Зэгухьэныгъэм хэт псори Миллер 1936 гъэм къыхуриджащ Испанием кIуэуэ Франко Франсискэ дэIэпыкъуну. А псоми къыхэкIыу Москва къилъытащ шынагъуэ ин къызыбгъэдэкI а генералыр икIэщIыпIэкIэ Iуахын хуейуэ. АдэкIэ къэхъуар детектив хъыбарым зыкIи къыкIэрыхуркъым.

1937 гъэм фокIадэм и 22-м пщэдджыжьыр сыхьэт 11-м Миллер РОВС-м и IуэхущIапIэу Колизе уэрамым щыIэм щIыхьащ. Зы сыхьэт абы щигъэкIуа иужь канцелярием и унафэщI генерал Кусонский Павел и деж кIуэри, пакет зэтегъэпщIа хуишиящ:

- Сэ сыхьэти 3 дэкIрэ къэзмыгъэзэжмэ, мы пакетыр зэтеч.

АрщхьэкIэ Кусонскэм ар зэтричакъым сыхьэтищи плIыи дэкIа иужькIи. Пщыхьэщхьэм зэрыхьзэрий къиIэтащ кIуэда генералым и щхьэгъусэм. Жэщым сыхьэт 11-м РОВС-м и IуэхущIапIэм щIыхьащ Миллер и къуэдзэ вице-адмирал Кедров Михаил. ИтIанэщ Кусонскэм пакетыр щызэтричар: Абы итт: «Сэ нобэ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 30-м генерал Скоблиным сыщыхуэзэнущ Жасменрэ Раффэрэ я зэхэкIыпIэм деж. Абы сэ сишэн хуейщ нэмыцэ офицер, дзэ атташе полковник Штроманрэ Германием и посольствэм къагъэкIуа зиусхьэн Вернеррэ я деж. ТIуми урысыбзэ фIы дыдэу ящIэ. Дызэхуэзэзыгъазэр Скоблинырщ. Зыгуэр къэхъ хъужыкъуэмэ, мы тхыгъэр къызогъанэ. Генерал-лейтенант Миллер».

- Щхьэ зытумычарэ къыщыбжаIа зэманым?! - кIиящ Кедровыр.

- СщыгъупщэжщI...

Телъыджэщ хабзэ ткIийм щIапIыкIа цIыхур «щыгъупщэхыу» къызэрыщIэкIар. Ауэ ар НКВД-м и агенту щытамэ, пакетыр ибзыщIынтэкъэ?

- Фыкъеджэ Скоблиным. ПсынщIэу!

Скоблиныр къашащ. Ар кабинетым щIыхьащ.

- Сыт къэхъуар?

- Генерал Миллер кIуэдащ. Дапщэщ ар уэ иужьу щыплъэгъуар?

- Дыгъуасэ.

- Ауэ уэ абы нобэ ухуэзащ, пэжкъэ? - Кедровыр Скоблиным и нэхэм щIэплъэрт.

- Япэу зэхэсхыу аращ.

Кедровым Скоблиным пакетыр IэщIилъхьащ. Абы къеджэри, генералым и дамэхэр дришеящ:

- Сэ фэ вжызоIэ абырэ сэрэ нобэ дызэрыхуэмызар.

- Дэ псори полицэм дыкIуэн хуей си гугъэщ, - жиIащ Кусонскэм.

- Дауи, - Скоблиныр мыпIащIэу къыщIэкIащ.

Я бэлътохэр щатIагъэжри, Кусонскэмрэ Кедровымрэ къыкIэлъыщIэкIащ. АрщхьэкIэ еблэгъапIэм полковник Мацылев Сергей фIэкIа щIэттэкъым.

- Дэнэ здэкIуар Скоблиныр?, - щIэупщIахэщ.

- ЩIэкIащ, - къитыжащ жэуап Мацылевым. Мыбдежщ тIуми я щыуагъэр къащыгурыIуэжар: Мацылевым къэхъуам зыри хищIыкIыртэкъым.

- Я дэ ди Тхьэ! Ар щIэпхъуэжащ! - щэIуащ адмиралыр.

Франджым и полицэр Iуэхум хыхьащ. Хабзэхъумэхэм сэтей къащIащ жэщыр сыхьэти 3-м Скоблиныр езым и ныбжьэгъу капитан Кривошеев Александр и деж зэрыкIуар. Ар и унэм щIэстэкъыми, Скоблиныр абы и щхьэгъусэм елъэIуащ ахъшэ щIыхуэ тIэкIу къритыну. Iихри, кIыфIым хэбзэхэжащ. АфIэкIа ар зыми зыщIыпIи щилъэгъуакъым.

Пщэдджыжьым полицей комиссарым езым и унафэщIхэм яжриIащ жэщым «Мария Ульянова» совет кхъухьым хьэлъэзешэ автомашинэ зэрыIухьар. Иужьрейм кърахa зэтеIулIа хьэлъэ гуэрыр къызэрырахыу кхъухьыр пIащIэу IукIыжащ. Таможнэм ирагъэлъэгъуащ къащыну хуит зымыщI дипломат дэфтэр. Апхуэдэу щыхъум, совет посолыр псынщIэу МИД-м ираджащ. Абы хуагъэуващ къапщытэн щхьэкIэ кхъухьым икIэщIыпIэкIэ кърагъэгъэзэну.

ЛIыкIуэм и нэщхъхэр зэхиукIащ.

- Кхъухьыр зыми имей псыхэм хэтщ. Абы фэ залымыгъэкIэ къевгъэгъэзэжмэ, къаугъэшхуэ къэхъеинущ, жэуап зыхьынури Франджырщ. Абы къыдэкIуэуи, - щIигъужащ дипломатым, а кхъухьым фэ зыри къивгъуэтэнукъым.

Мыдрейхэм къагурыIуащ абы зытригъащIэр - шынагъуэ гуэр къыкъуэкIмэ, «хьэлъэр» псым хадзэнурэ, - зэфIэкIащ...

1937 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм НКВД-м и Лубянкэ лъэхъуэщым къыщIэхутащ «кIуэда» генерал-Миллер. Абы иригъэтхащ РОВС-м и лэжьыгъэм теухуауэ напэкIуэцI 18. АрщхьэкIэ генералым цIэунэцIэ гуэри кърИIуакъым, зы хэщIапIи яжриIакъым. Абы къыдэкIуэуи бэнэныгъэр щагъэтыну РОВС-м хэтхэр къыхуриджэн идакъым. НКВД-м и унафэщI Ежов Николай зэзыхъуэкIа Берие Лаврентий 1939 гъэм накъыгъэм и 11-м Iэ тридзащ Миллер Евгений яукIыным теухуа унафэм.

Миллер и кIуэдыкIар РОВС-м и дежкIэ удын хьэлъэ дыдэу къыщIэкIащ. Абы иужькIэ зэгухьэныгъэр къызэфIэувэжыфакъым. Псом хуэмыдэу ягухэм еуар псоми я дежкIэ щапхъэ Скоблиныр большевикхэм я агенту къызэрыщIэкIарщ. Абыи и закъуэ? Миллер иужькIэ РОВС-м и Iэтащхьэм и къулыкъур зыIэрыхьа генерал Абрамов Николаи НКВД-м и лэжьакIуэу къыщIидзащ!

Зэгухьэныгъэм лъалъэу щIидзащ. Абы и пIэ къихутащ «парт», «зэщIэхъееныгъэ» жыгъей пщIы бжыгъэхэр. АрщхьэкIэ абыхэм къару гуэри ябгъэдэлъыжтэкъым икIи зыми къафIэIуэхужыртэкъым.

Апхуэдэущ дэтхэнэ террорист зэгухьэныгъэми кIэ зэригъуэтыр.

Ерокъуэм и лIэщIыгъуэ гъуэгуанэ

● Тхыдэ

Илъэсищэкiэ дызэIэбэкIыжмэ, блэкIа лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм, совет къэралым щекIуэкIа щIы политикэм ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и нэхъ къуажэшхуэхэм дэса унагъуэхэм ящыщу зигурэ зи щхьэрэ зэтелъхэр, лэжьэкIэ нэхъ зыщIэхэр, пщIэ нэхъ зыхуащIхэр щыпсэуам къыдагъэIэпхъукIыурэ щIы IэнэщIхэм ирагъэтIысхьэрт.

1925 - 1926 гъэхэм а щIыкIэм тету къэунэхуахэм ящыщщ ди Ерокъуэ жылэри, «Аслъэмырзей Анзорей» зыхужаIэу, иужьым «Лэскэн ЕтIуанэ» хъужа къуажэм къыхагъэIэпхъукIар. ЖылэщIэм хэщIапIэ хуэхъуар Лэскэн псыхъуэм сэмэгумкIэ къыщхьэщыт Ерокъуэ Iуащхьэм кIэщIэта щIы нэщIырщ. КъэIэпхъуахэм къыздашащ, къыздахьащ къагъэщIам зэрагъэпэща мылъкум я нэхъыфIымрэ хабзэ дахэу зэрахьэхэмрэ.

Коллективизацэм и лъэхъэнэм жылэдэсхэм къызэрагъэпэщащ «Звезда» цIэр зрата колхозыр. Абы и япэ унафэщIу хахар Гъубжокъуэ Исмэхьилт. Хозяйствэр ефIэкIуэн папщIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ парт ячейкэу Амохэ Кушыку зи пашэм. Парт ячейкэм и дэIэпыкъуэгъу Iэпыдз-лъэпыдзу къызэрагъэпэщащ щIалэгъуалэ (комсомол) гуп, Бэрсокъуэ ХьэзрэIил я пашэу.

Комсомолым япэу хыхьахэм ящыщт Гъурф Хьэжмурид, Балъкъэр КъэралбиЙ, Гъубжокъуэ Ахьед, Къумахуэ Гъэзалий, Балъкъэр Зэбий, Бекъалды ТIатIу, КъарэцIыкIу Хьэту сымэ, нэгъуэщIхэри. Къуажэдэсхэр унагъуэ-унагъуэкIэрэ зэгухьэурэ къызэрагъэпэщащ щIым зэрелэжьыну Iэмэпсымэхэр, вы-шы хуэдэхэр, нэгъуэщIхэри. ЩIыхьэхухэм щагъэжа ятIэ чырбышхэмкIэ псэуалъэщIэхэр зэтралъхьащ.

Уэсмэн Хьэжумар, Азэмэт Мудар, Сындыку ТIытIэ сымэ я мылъкукIэ, Гъубжокъуэ Зулькъэрней и IэщIагъэ-щIэныгъэр къагъэсэбэпурэ, екIуу яухуащ псым игъэлажьэ пхъэзэгуэх цех. Иужьым абдеж дыдэм щагъэуващ къуажэ унэхэр къэзыгъэнэху гидроэлектростанцыр, Гъубжокъуэ Хьэзрэт игъэлажьэу.

Япэу хаха цIыхубэ къуажэ Советым и унафэщIу лэжьахэщ, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къедбжэкIынщи, КIумыхъу СулътIан, Гъурф Андулыхь, Бекъалды Щэмел сымэ.

КъуажэщIэр лъэ быдэкIэ уващ, колхозым зэреджэри Молотовым и цIэкIэ зэрахъуэкIащ. Жылэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ унэхэр щаухуащ, Езы хозяйствэр, зэрыщыту къэтщтэнщи, къулей хъуащ, зезыхьэхэм ехъулIэныгъэшхуэхэр къыхуахьу.

1937 - 1938 гъэхэм ерокъуэдэсхэм кърахьэлIащ гъавэ бэв. А зэфIэкIым къыпэкIуэу колхозым кърататщ къэралым и нагъыщэ лъапIэхэм ящыщ «ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь» орденыр. 1939 гъэм хозяйствэм къыхуагъэфэщащ союзпсо мэкъумэш гъэлъэгъуэныгъэм и езанэ дипломымрэ ахъшэ саугъэту сом мини 10-рэ. А псоми я щIыIужу зы хьэлъэзешэ машини кърататщ хозяйствэм. Абы ирилэжьащ ПщыукI Хьэмел, Хэку зауэшхуэр къэхъейуэ, абы дэсу зауэм кIуэху. Ди жагъуэ зэрыхъущи, зи щхьэгъусэ Зэбит фызабэу, зи бынищыр зеиншэу къэна Хьэмели ящыщщ а зауэм хэкIуэдахэм.

Езы хозяйствэм дежкIэ къедгъэзэкIыжынщи, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа ехъулIэныгъэшхуэм игъэгушхуа мэкъумэшыщIэхэм 1940 гъэм гъавэ бэв нэхъыбэжу кърахьэлIащ. А лъэхъэнэм къэралым къыщрахьэжьа союзпсо гъэлъэгъуэныгъэм хэтащ гупжьей зэхэшэхэу (звеньевойхэу) Джэтий Мэржан, Амсо Мадинэт, Мэремыкъуэ Хьэнифэ, Щыуал ХьэIишэт, Щыуал Цацэ, Сындыку Зулихьан, Абазэ Хутэ, бригадирхэу Абазэ Хьэжуэсмэн, Гъубжокъуэ Шис, Мэремыкъуэ Болэт сымэ, нэгъуэщIхэри.

МэкъумэшыщIэхэм я зэфIэкIыр щагъэлъагъуэ гъэлъэгъуэныгъэм и цIэкIэ ягъэува «За трудовую доблесть» медалыр Бэрсокъуэ ХьэкIашэрэ Шыуал Цацэрэ кърататщ. Iэщ гъэхъуным щехъулIащ лэжьакIуэ пашэхэу Гъубжокъуэ Аюб, Сындыку Сэфарбий, ЗэкIуий Мухьэмэд сымэ, жэмыш Iэзэхэу Зэраш ФатIимэтхъанрэ Абазэ Хурэрэ, нэгъуэщIхэри.

КъуажэщIэм 1930 гъэм къыщызэIуахащ илъэси 7-кIэ щеджэну школ, Амо Хъулимэт и унафэщIу, сабий сад, Азэмэт Жангулэз щыущиякIуэ-гъэсакIуэу, къуажэ клуб, библиотекэ, хьэмэм, пощт, тыкуэн, нэгъуэщIхэри.

Колхоз унафэщIхэм я лэжьапIэ унэм щIагъэува унэлъащIэхэри, школыщIэм къыщагъэсэбэп хьэпшыпхэри, еджакIуэ цIыкIухэр зыдэс партэхэри зыщIар КъарэцIыкIу Мухьэмэдрэ Гъубжокъуэ Мухьэдинрэщ. А тIур пхъащIэ Iэзэу щытащ.

Апхуэдэ щIыкIэм тету зызыужьа къуажэм и мамыр гъащIэр 1941 гъэм къэхъея Хэку зауэшхуэм къызэпиудащ. Ди жылэ мыиным щыщу фронтым Iухьащ цIыхухъуи 162-рэ. Абыхэм ящыщу псэууэ къэзыгъэзэжар 53-рэщ. Зауэм кIуа цIыхухъухэм къагъэна IэнатIэхэм пэрыувэн хуей хъуащ цIыхубзхэр, нэхъыжьыIуэхэр, зи Iэпкълъэпкъ зэрымыубыда ныбжьыщIэхэр.

1942 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м фашистхэр Ерокъуэ къыдыхьащ, лагъымхэмкIэ щысхьыншэу щIауфа иужь. А мафIэлыгъейм хэкIуэдащ жылэдэс цIыхуитI. Укоммуннистщ жаIэри, Бекъалды Хьэзиз яукIащ.

Ди къуажэм зы унагъуи дэсакъым гузэвэгъуэм зэщIимыщта. Фронтым къикIыу письмо къэкIуами, гуауэ зэрыт тхылъ жылэм къыдыхьами, къуажэдэсхэр зэуэ щызэхуэсырт апхуэдэ хъыбар къызыхуэкIуа унагъуэм - фIыр зэдаIэтыну, гузэвэгъуэр зэдагуэшыну.

А зауэ бзаджэм фызабэ ищIауэ, сабий адэншэ хъуауэ куэд къыдэнащ къуажэм. Фронт щIыбагъым лэжьыгъэшхуэ щезыхьэкIа цIыхубзхэмрэ нэхъыжьыIуэхэмрэ Iэпыдз-лъэпыдзу драIащ дэри - зэман бзаджэм халъхуахэр.

1945 гъэм текIуэныгъэр къэзыхьахэм къагъэзэжащ, никъуэдыкъуагъэ хэзыхахэри яхэту. Абыхэм зэрызагъэпсэхужа щымыIэу, лэжьэн щIадзэжащ, мамырыгъэ гъащIэр зэтраухуэжыну. Зауэ нэужь илъэсхэр къатехьэлъащ цIыхухэм, ауэ бэшэчагъэ яхэлъу, ар зэхуэдэу ягъэващ сабийхэми, балигъхэми, къуажэ унафэщIхэми,

А илъэс гугъухэм колхоз парт организацэм и Iэтащхьэу лэжьахэщ Гъубжокъуэ Мухьэмэдрэ Ацкъан Хьэсбийрэ. Къуажэдэсхэр жэрдэмышхуэ яхэлъу яужь итащ хозяйствэр щIэх зэфIэгъэувэжыным икIи мыгувэу лэжьэн щIадзэжащ жылэм и щыIэкIэ-псэукIэм епхауэ мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэхэм.

Къуажэдэсхэм я жэрдэмкIэ ди жылэм дащIыхьащ Хэку зауэшхуэм, Афганистанымрэ Абхъазымрэ щекIуэкIа зауэхэм зи щхьэ хэзылъхьахэм я фэеплъыр, мафIэ мыужьыхыр зыбгъэдэтыр. Къэзымыгъэзэжахэм я цIэ-унэцIэхэри тетщ абы, щIэблэм ящымыгъупщэн хуэдэу. А фэеплъ лъапIэм деж зы илъэс къэмынэу накъыгъэм и 9-м зауэмрэ мамырыгъэмрэ ятеухуа усэхэр, уэрэдхэр щагъэIу, удз гъэгъахэр щагъэтIылъ.

Зэманым зихъуэжами, ди цIыхухэр ирогушхуэ жылэ цIыкIур цIыху гуащIафIэхэмкIэ, зэфIэкIи лIыгъи зыбгъэдэлъхэмкIэ зэрыбейм.

ГЪУБЖОКЪУЭ Болэт.
Ерокъуэ къуажэ

Жьыгъэр Iыхьэ мыгуэшщ

● Пенсэхэр

США-р зи унафэщI КъухьэпIэ зэкъуэтым Урысейм Украинэм щригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхар къигъэсэбэпу, и мурадащ ди къэралыр экономикэ и лъэныкъуэкIэ лъэрымыхь ищIыну. Арат зихуэдэ щымыIа икIи кIэ зимыIэж санкцэхэр зыхуэгъэзауэ щытари. АрщхьэкIэ зыщыгугъам къыщыщIидзакъым: быдэIуэу къыщекIащ. Хэбгъэзыхьмэ, я щхьэм тохуэж. Дэ допсэу махуэ къэс зэфIэдгъэкI Iуэхухэм дыхэту, ди цIыхухэр мэлажьэ-мэшхэж, ди деж щаухуэ еджапIэхэр, сымаджэщхэр, гъуэгухэр. Ди гупсысэхэр зыхуэгъэпсари зыужьыныгъэмрэ ефIэкIуэныгъэмрэщ. Дауи, абы къикIыркъым ди деж псори щытэрэзу, дызыгъэпIейтейхэр димыIэу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ахэр иджыри мащIэкъым. Къэтщтэнщ, псалъэм и хьэтыркIэ, жьы хъуа дэтхэнэми я Iэпэгъу пенсэхэр.

МЫБДЕЖЫМ дигу къыщыдгъэкIыжыпхъэщ блэкIа гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэр. Абы и япэ махуэм пенсэхэр къаIэтауэ щытащ процентi 10-кIэ. Хъарзынэт, ауэ абы лъандэрэ зы илъэс дэкIащи, иджы апхуэдэ гуэрми и гугъу ящIыркъым. Абы щыгъуэми, фэ теткъым усэхэр къэувыIауэ: абыхэм «къыспэплъэ» ящIэркъым. АтIэ ар езэгърэ инфляцэм зэрызиIэтым тещIыхьауэ пенсэхэми хагъэхъуэну дыкъызэрагъэгугъам? Пенсэхэм зэрыхагъэхъуэну процентхэр къыщыхахкIэ зытращIыхьыр... блэкIа илъэсым инфляцэр зэрыхъуарщ, ауэ абы къигъэлъагъуэркъым иджы зэфIэува щытыкIэр. Апхуэдэу щыщыткIэ, ахэр зэпхын хуейр ику ит лэжьапщIэм зэрызиIэтырщ: тIысыжа лэжьакIуэм и улахуэу щытам и пIэ ит, ар зэзыхъуэкI ахъшэщ пенсэр. Арващи, а тIур зэпэщIэхын хуейтэкъым.

ТегъэщIапIэ щащI щыIэщ пенсэ зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэ зратхэр зэрыкуэдыр: ди къэралым апхуэдэхэм я бжыгъэр мелуан 62-м щыщIегъу, абыхэм ящыщу мелуан 39-м жьыгъэкIэ хуагъэуващ. АрщхьэкIэ зыщыгъэгъупщэн хуейкъым 2028 гъэм нэсыху зэпаша пенсэ реформэм къэралым сом мелард Iэджэ къызэрыхудигъэхуар. Хилъэфари, дауи, а хэхъуэхэр зыIэрымыхьахэрщ. Ахэр я лэжьапIэхэми къыIунащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, я Хэкум и къулеягъыр ягъэбагъуэ.

Ауэ сыт щыгъуи хуэдэу хилъэфапэр пенсэм щыIэу лэжьыгъэм пэрытхэрщ. Иужь зэманым и гугъу ямыщIыжыххэ хъуащ абыхэм я пенсэхэр индексацэ щIыным. ЩытыкIэр гъэщIэгъуэныым хуокIуэ: мыгувэу зэлъэщIыхьэжыну къыщIэкIынущ абыхэм яIэрыхьэхэмрэ пенсэ нэхъ цIыкIу дыдэмрэ. ЗэрытIлъагъущи, мыбдеж зы мыхьэнэ гуэри щиIэкъым цIыхур зэрылэжьа илъэс бжыгъэми. Ар зэрымызахуагъэм куэд тражыIыхьащи, къытедгъэзэжынкъым, ауэ аргуэру къыхэдгъэщын къудейщ мы IэнатIэм къыщыдигъахуэм хуэдиз къэралым зэрыщыфIэкIуэдыр. Псалъэм и хьэтыркIэ, лажьэ пенсионерхэм я бжыгъэр мелуан 13 хъууэ щытамэ, иджы мелуани 7-м нызэрыхьэсыжыркъым. Дэнэ здэкIуар? Пэжщ: язынык ъуэхэр тIысыжащ, адрейхэм лэжьапщIэр щIэуфауэ щат къагъуэтащ. НэхъыфIу къыщIэкIынт процент 13 налогри, нэгъуэщIхэри яту икIи иджыри сэбэп зэрыхъуфыр я гурыфIыгъуэу ахэр къахэтамэ? Ауэ абы унафэ тезыщIыхьын хуейхэр а Iуэхум зэреплъыр нэгъуэщIущ.

Мыри гу зылъытапхъэщ. Статистикэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, Урысейм цIыхубзхэр ику иту илъэс 77,8-кIэ, цIыхухъухэр илъэс 67,6-кIэ щопсэу (2022 гъэм къатахэм ятещIыхьауэ). Апхуэдэу щыщыткIэ, гурыIуэгъуэщ иужьрейхэм я Iыхьэ щанэм хуэдизыр пенсэ ныбжьым зэрынэмысыр. Аращи, абыхэми зыкIи къажьэхэуакъым мы IэнатIэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр. Ауэ ар нэгъуэщI псалъэмакъщ: адрей къэралхэми бзылъхугъэхэр щынэхъ гъащIэ кIыхьщ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу. Дэ зи гугъу тщIыр жьы хъуар дунейм щызэфIигъэкIамкIи, иужькIи къыхуащIэжамкIи арэзыуэ псэунырщ. Ар къызэригъэпэщыфынущ къэралым. IэщIагъэлIхэм куэд щIауэ жаIэ пенсэхэм зэрыхагъахъуэр курыт лэжьапщIэхэм зэрыщырагъэтым пащIэн хуейуэ. Мис итIанэ гукъанэ къыхэкIынутэкъым.

«*Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар* **ШАЛ Мухьэмэдщ**.

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

Адыгэ газетхэм лъэпкъым дежкIэ яIэ мыхьэнэр къалъытэу

(ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

«Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Мэшлiокъуэ Саидэ** и къэпсэлъэныгъэр къыщIидзащ мы гъэм и гъатхэпэм «Адыгэ макъыр» илъэси 100 зэрырикъуам, абы теухуауэ ирагъэкIуэкIа Iэхэучыгъэхэм ятеуха хьыбархэмкIэ.

Газетыр зыхуей хуэзэу кьыдэкIын, ар республикэм щIэзэбгрыгъэкIын, и тиражыр къэIэтын папщIэ АР-м и Лыщъхьэ КъумпIыл Мурат и деж щегъэжьауэ, къэралыкъыщIапIэхэри, щыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэри къаззэрыдэIэпыкъур жиIащ редакторым.

- «Адыгэ макъым» нобэ цIыху 45-рэ щолажьэ, абыхэм яцIыщу 8-р корреспондентщ, 6-р обозревателщ, районхэм корреспондент хэхахэр щыдIэщ, - къыпищащ МэшлIокъуэ Саидэ. – АР-м и ЛIыщхьэ КъумпIыл Мурат и унафэкIэ, редакцэм щылажьэхэм я улахуэр тухуатэхъуащ, ику иту сом мин 30 къыщаха; дызыщIэс унэр кьагъэщIэрэщIащ; техникэкIэ дыкъызэрагъэпэщащ; илъэси 100-м ирихьэлIэу, лэжьыгъэ IэхуэкIэ кьэдгъэсэбэпын автомобильщIэ кьыдэтащ.

Ди газетыр тхьэмахуэм тхуэ дунейм кьытохьэ, абы къытеддэ просри зэрыт сайт диIэщ, адыгеибзэкIи, урысыбзэкIи, тырку бзэкIи тхыгъэхэр кьыптхьэху. КъыщыхэмыщIауэ, «Адыгэ макъ», «Хэку и макъ» телеграм-каналхэр догъэлажьэ. «Адыгэ макъ» каналым республикэм къыщыхъу-къыщыщIэхэр асыхьэту урысыбзэкIэ кьыдолъхьэ, адрейр нэхъыбэу зытещIыхьар хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъзэгухэращи, адыгеибзэрэ тырку бзэкIэ тхыгъэ нэхъ гъэщIагъэунэхэр догъэнаIуэ. Зэманым къытхуигъэув къалэнхэм ящыщу, Вконтакте, Одноклассники сетхэри зедгъэнэныр, абыхэми апхуэдэбзэу жьыджэру дыщолажьэ. Газетымрэ электрон хьыбарегъащIэ Iэмалу диIэхэмрэ зэзыпх QR-кодхэр «Адыгэ макъым» и япэ напэкIуэцIым тетщ; зыкIэтэщIэгъуэн псори абы занщIэу ихьэфынущ телефон камерэр трагъапсэ кьудеймэ.

Мы гъэм ди газетым и илъэсищэр щыдгъэлъапIэм ирихьэлIэу кьызэдгъэпэща Iэхуэгъуэхэм ящыщу махуэгъэпс дахэ кьызэрыдгъэкIащ, ар тедухуащ 2023 гъэр ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсу зэрыщытым. Гъатхэпэм дунейм кьытехьащ адыгэ газетым кьикIуа илъэсищэм хуэгъэпса тхыгъэхэр, нобэ и Iэхуэ зыкIутым теухуа хьыбархэр, щылэжьахэм, иджыпсту Iэхуэ щызыщIэхэм ятеухуахэр зэрыт кьыдэкIыгъуэ.

Ди илъэсищэм ирихьэлIэу Адыгейм и Лъэпкъ библиотекэм зэхьыбэ дахэ щекIуэкIащ, къупкIыуцIапIэхэм я лIыкIуэхэр, жылагъуэр кърихьэлIэу. Редакцэм щылажьэ цIыху 20-р ксэрал дамыгъэхэмрэ щIыхь тхыльхэмкIэ ягъэльэпIащ лъэпкъ журналистикэм хуащIа хэлъхьэныгъэм папщIэ. А зы мазэр мыхъуу, мы илъэсыр икIыху кьытеддзэну ди мурадщ лъэпкъ газетым и тхыдэм, нобэ и щыIэкIэм, и мыхьэнэм теухуа тхыгъэхэр. Мы гъэм редакцэм хьэщIэщ къыщызэхуэхъуну ди мурадщ, цIыхухэр къедгъэблагъэуэрэ зэIущIэхэр щедгъэкIуэкIыну, интервью къыщIыхъуну, н.кь. А псори зи нэIэ щIэтынур си щхьэкIэ жыпIэмэ, илъэсищэр щыдгъэлъапIэм ирихьэлIэу къыщIидзауэ а проектыр гъэщIагъэуну ирегъэкIуэкI.

Я газетым и тиражым, ар цIыхухэм зэрэприхьэм и гугъу щищIым Мэшлiокъуэ Саидэ къыхихгъащIащ иджыпсту а бжыгъэр 4246-рэ зэрыхъур. Дэ дэлъытауэ адыгеибзэм IэмалитщкIа къагъэсэбэп, абыкIэ дэлэпкъэгъу къахуэхъуи яIэщ. Урысей пощтымкIэ жэрдэм зиIэхэм газетыр зэзыух сабийхэм яIурыть адыгэбзэм и шэрыуагъым ятеухуауэ щытащ. КъыхэзгъащIу сыхуейщ мыхэр кьызэрыгуэкI зэIущIэу зэрыщымытыр, атIэ цIыхухэм я деж зIущIэ зэрыщIэри, хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм яфIэгъэщIэгъуэну, щIэщыгъуэу кьыдзэрэгъаIуэ, газетым «псэ кьыIуегъакIэ», редакцэр цIыху кIуапIэ ещI икIи щIэблэм я лъэпкъ зыхэщыкIыр къэIэтыныжкIэ, дыкъызыхэкIа лъэпкъым кьыдекIуэкI къугъуэфыгъуэхэр хьумэныкIэ, ди щIэджыкIакIуэхэмрэ дэрэ ди зэхуакъу зэпыщIэныгъэ дэлъынымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ», - жиIащ Замирэ.

КъШР-м кьыщыдэкI адыгэ газетым нобэ и Iуэху зыIутым кьыхэзгъэкIэн щигъэгъэзащ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Абидокъуэ Люсанэ**. Абы и къэпсэлъэныгъэр щIимыдзэ щыIэкIэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм лъэпкъ IуэхуэмэкIэ хьыбарегъащIэ Iэмалхэмрэ печатымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Хубиев Ислъам республикищым я адыгэ газетхэм я лжьэкIуэхэм я зэхьыхьэм хэтхэм зэрыязхуигъазэ псалъэм къеджащ.

Люсанэ и нэIэ щIэту цIыху 25-рэ мэлажьэ, тхьэмахуэм тIэу «Черкес хэку» газетыр къыдагъэкIыу. Абыхэм ящыщу 8-р матхэ, адрейхэм газетыр зэрагъэпэщ. «Газетым нобэ и кьалэн нэхъыщхьэм пэлъэщу, цIыхухэм хьыбарыщIэхэмрэ тхыгъэгъэщIэгъуэнхэмрэ я пащхьэ ирилъхьэу, къэралым кьыщищI пщэрылъыр игъэзащIэу мэлажьэ, - жиIащ Люсанэ. – Псори нэхъ дызыгъэгузавэр ди тиражэр иужьрей илъэсхэм нэхъ лъэхъшэ зэрыхъуращ. «Черкес хэкур» кьапщтэмэ, иджыпсту 2872-рэ хьуурэ кьыдокI, абы ящыщIагъуи щыIэщ. Зи гугъу сщIы бжыгъэм щыщу Урысейм и пощтымкIэ Iэ щIэзыдзыр цIыху 1438-рауэ, адрейр адыгейхэм ещхьу корпоратив Iэмалыр кьэдгъэсэбэпу щыдогъэдз. ЦIыхухэр редакцэм кьакIуэу кьащIэжьынымэ, сами 150-рэ и уасэу аращ, гупу щIадзэр, 10 ирикъуэ, дэ яхудошэж. КъищIынымыщIауэ, Къэрэшей-Шэрджэсым адыгэ кьуажэ 17 исщи, абыхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм жьлэ къэс 100-м нэс тхутрадзэ.

Ди гуапэ зэрыхъущи, мыльку зыбгъэдэлъ адыгэ щIалэхэр исщ ди хэкум, адыгэбзэкIэ лажьэхэм, еджэжэм ядэIэпыкъуэмэ я гуапэу. Мис абыхэми экземпляри 100-200 хуэдиз хутрадзэ цIыхухэм, ахэр къэзыщтэжи ди Iэщ, зэрыIыгъэ, зыхуэтшэжи яхэтщ.

Лъэпкъыбзэр утыку ипхьэнымкIэ Iэмалу щыIэр къэдгъэсэбэпу долажьэ, бзэр щымыIэмэ, лъэпкъри щыIэнухьэщ, ар дигу илъу анэдэлъхубзэр хьума зэрыхъуным ди гуащIэ хэтлъхьэу жыпIэ хъунущ.

Апхуэдэ зэпыщIэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, хэгъэгу зэпэщхьэхуэхэм дис щхьэкIэ, ди лъабжьэри, ди кьежьащIэри зыуэ зэрыщыщытыр тщы-гупщэ зэрымыхъунур жиIащ Жыласэ Заурбэч. ИкIи мы гъэм «Адыгэ макъым» - и илъэсищэр зэригъэлъэпIар, еIанэгъэ «Адыгэ псалъэмрэ» «Черкес хэкумрэ» я юбилей-хэр зэрадзэтыныгъ хуэмэ, а Iуэхум нэхъ кууу бгъэдыхьэн, республикэ мыхьэнэиуэ дахьн зэрыхуейм гу лъригъэтащ.

Журналист, тхакIуэ **Чэрим Марианнэ** кьыхигъэщащ ди зэпыщIэныгъэр нэхъри дгъэбыдэу, ди журналистхэмкIэ дызэхъуажэурэ нэгъуэщI хэгъэгухэм дгъакIуэурэ зы тхьэмахуэ хуэдэ щыдгъэлажьэу щытамэ, сэбэныначъ куэд кьызэрыпэкIуэнур. Ар редактор нэхъыщхьэхэм кьыдащ, тащ, икIи къуэш республикэм кIуэрэ абы ис цIыху цIэрыцIэхэм, зэрфIэкI зиIэхэм, зи гущIэр, лэжьыгъэргъащIэгъуэнхэм ятетхьыжьмэ, апхуэдэ щыкIэкIэ, я хьыбарэхмкIэ, щыIэкIэ-псэукIэмкIэ зэдзэгуащэм, газетхэри нэхъ щIэщыгъуэ зэращIынур, ди зэпыщIэныгъэри, Мариннэ зэрыжиIам хуэдэу, зэригъэбыдэнур кьыхагъэщащ.

Абидокъуэ Люсанэ абы арэзы дэхъу кьудейуэ кьэнакъым, атIэ а гупсысэр нэхъ пасэуи игу кьызэрыкIар жиIащ, апхуэдэуи кьыхилъхьащ иджыпсту бренд жыIэу ягъэлъапIэхэм хуэдэу куэд адыгэхэм зэрапэр, адыгэ фащэр, адыгэшыр, адыгэ кхъуейр, нэгъуэщIхэри цIыху нэхъыбэм едгъащIэмэ зэрыщыхьэпэр, абыхэм номер зэгуэтхэр тебухуэну зэрахуэфащэр дыщIигъуащ.

- КъищынэмыщIауэ, тхылъымпIэм тет газетым Iэ тезыдзэр нэхъыжьхэращ, ди щIалэгъуалэр электрон Iэмалым нэхъ епхащ. Абы ипхъ иткIэ, щIалэгъуалэм нэхъыбэу дадэлэжьэн хуейщ. Абыхэм бзэр зэрапэскъым жьытIэ щхьэкIэ, мащIэми яхэтщ анэдэлъхубзэкIэ усэ зытхэр, проз-зэм дихьэхэр, еджэну зыфIэфIхэр. Мис ар къэтлъытэу, хэгъэгуищи къыхэзыщIыубыдэу зэпеуэ кьыхэтлъхьэу едгъэкIуэкIыныр сфIэигъэщу. Псалъэм кьыдэкIуэу зыпIэмэ, накъыигъэм и 21-м апхуэдэ Iуэху кьыхэтлъхьэмэ, ди блэкIам, лъэпкъым и тхыдэм щIэблэр дедгъэхэхьэфынущ.

ИтIанэ, куэд щIауэ, 2010 гъэм щегъэжьауэ, зиужь дитхэм ящыщщ «Хъыбарыншэу кIуэда щыIэжьи хуейкьым» проектыр. Ди республикэм щыщ бзыльхугъэ щыпкъэ Хьэмыкъуэ Жаннэ Хэку зауэшхуэм щыкIуэдауэ кьалъытэ ди лъэпкъэгъуэм я хьыбар къеГъуэтыжри, кьыдитурэ, тыдодзэ. Абы Адыгейми Къэбэрдей-Балъкъэрми щыщу зауэм щыкIуэда адыгэхэм я хьыбарэ зэриIам кьыхжьIыу, газетищми кьызэдэтщтэу я проектыр дгъэкIуэтамэ, куэдым сэбэп дахуэхъунут. Мы Iуэхум зи Iыхьлы кIуэдахэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Мы зэманым Жаннэ кIуэдауэ къыгъэутыжахэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цIыху 600-м, Адыгейм щыщу 1000-м я цIэхэр, - жиIащ Люсанэ.

Заурбэч кьыхихгъащащ Хэку зауэшхуэм зэкIуэдахэм, щы-кIуэдахэм я цIэр иту, томиплI хъу тхылъ республикэм кьыззрыщыдзэкIар, а Iуэхум пэрыту НэхущАхьмэд, Гулэжьи Беслъэн хуэдэхэр дыззриIэр, абыхэмра Люсанэ зи гугъу ищI лэжьыгъэмрэ зыхуеплъауэ, Iуэхур гъэкIуэтэн зэрыхуейр.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Ширдий Маринэ** жиIащ ди Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм кьыщыдзэкI адыгэ газетхэм я редакторхэм я жьыджарэгьым игу зэрыхигъахъуэр, «Адыгэ макъым» иригъэкIуэкI хьэщIэщ зэIущIэхэм щапхъэ тепх зэрыхьунур. Апхуэдэуи кьулыкъым пэрытхэм захуигъаззу жиIащ, иджыпсту си быныр адыгэбзэмрэ литературэмрэ куэт еджапIэм щезыгъэджэну хуэмей адэанэхэм бзыу теуха лъэIур яткхыну, абыкIэ школ директорым зыхуягъэззэну хуимыту унафэ кьыдэгъэкIынымкIэ иужь ихьэн зэрыхуейр, редакторхэм я жэрдэмкIэ ар убламэ, зэрыщхьэпэр.

- Хэгъэгуищми я парламентхэм апхуэдэ унафэ кьащтамэ, тхуэфIэкIынымкIэ пIэрэт а мыхьэмышIагъэр дгъэкIуэдыжынкъым. Газетыр кьыдэдгъэкIми, ар унагъуэ кьэс яхуедгъэхьыми сыт и мыхьэнэ, абы исхэр емыджэфмэ, еджэну зуэмелмэ. Дэ иджыпсту жыг щхьэкIэр дгъэшIащIэу зэрыщ, ауэ абы и лъабжьэр здащIыIэ щIалэгъуалэр дэ едгъэкIуэкI Iуэхум хуэмеймэ, и анэдэлъхубзэр иджыну зэримыпэсыжмэ, щIэх дыдэу гъужьнукъэ жыгыр?! - жиIащ Маринэ. - Нобэ Урысейм лъэпкъ куэд зэрисыр и напщIэм тельщ, ахэр зэгурыIуэу, зэдзIуэжу зэрыпсэуэм и Iуныджыр еIэт, гугъуехь гуэр кьыкъуэкIамэ, зэкъуоувэри пэщIоувэ. АтIэ лъэпкъ мащIэхэм я хуитныкъгъэм теухуауэ УФ-м и Конституцэм кьыщыхьахэр, абы нэмыщIу ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2022 гъэм кьыщыщIэдзауэ 2032 гъэ пщIондэ дунейм щыдэлъхьу лъэпкъыбу тетым я дунейпсо ильэсипщIу зэрыгъэувар кьэдгъэзэбэпу утыку кьитхьэфыну пIэрэт си гугъу сщIы Iуэхур, - кьыхилъхьащ Маринэ. - ЕтIуанэрауэ, ди газетхэр жыларыгъэ-политикэ кьыдэкIыгъуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэ, ятеуха пычыгъуэзэрщ. Литературэ тхылъхэр куэду кьыщыдамыгъэкIыж, тхылъ щащэ тыкуэнхэр кьуажэхэм щыдэмытыж ди лъэпкъэнэм, газетым абы щыщхэр кьытедзэныр зэкIыпIэу кьызэлъытэ. КъищынэмыщIауэ, мащIэми, адыгэбзэкIэ тхэ щIалэгъуалэ диIэжщ, абыхэм я IэдакъэщэкIэхэр кьытеддзэурэ тедгъэгъущхуэмэ, лъэпкъыр кьэнэ бей, бзэр нэхъ лъэщ хъуну аращ.

КIахэми хьэжрэтми кьикIа хьэщIэхэмрэ кьэбэрдей бысымхэмрэ ягурэ я псэрэ зэIуахауэ, щхьэж и диалектымкIэ зэпсалъэу зэхэсащ а махуэм. «Уэзнэгуэтмэ, уплъащ» - жыхуиIэращи, редакторхэмрэ журналистхэмрэ лъэпкъым и кьэкIуэнур кьэфIэкIуэнри, адыгэ журналистикэм зегъэужьыжьыну, анэдэлъхубзэр хьума хъуным теухуауэ я гупсысэхэр зэхъуэ, лъэпкъ командэу «Тэрчым» и закъуэщ текIуэныгъэ хуэтэджжьи зэпыщIэныгъэ кьэзэркъым сыт щыгъуи пашхэм яхэту, и нэхъыбапIэм бжьыпэ иIыгъыщ дезыгъэса бахъсэндэхэм джэгуГуэйим текIуэныгъитI фIэкIа кьыщамыхьарэ я гъуэм топ 24-рэ кьыдагъэкIауэ еянэ увыпIэм зэрыщытыр.

Иджыри текIуэныгъэкIэ зи дзащIакIуэхэр зымыгъэгуфIэфар, джэгуГуэйхьм хьэрхуэрэгъуэм я гъуэм топитI фIэкIа дамыгъэкIауэ, 15-нэ, иужь дыдэ увыпIэм щыт «Ислъэмейм» и закъуэщ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ иужь джэгуГуэгъуэм кьрикIуа адрей бжыгъэхэм. **«Спартак-Д»** (Налшык) – **«Малкэ»** (Малкэ) – **1:1**, **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) – **«Урыху»** (Урыху) – **6:2**, **«Шэрджэс»** (Шэджэм) – **«Тэрч»** (Тэрч) – **1:2**, **«Дохъушыкъуей»** (Старэ Шэрэдж) – **«Акъбащ»** (Акъбащ) – **3:0**, **«Родник»** (Псынэдахэ) – **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) – **0:0**, **«Имран»** (Бахъсэн) – **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) – **1:3**.

КъыкIэлъыкIуэну зэIущIэхэр зыгъэнсэхуГуэ махуэхэм екIуэкIынущ.

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Искра»	**6**	**5**	**1**	**0**	**19 – 6**	**16**
2. «Тэрч»	**6**	**5**	**1**	**0**	**18 – 5**	**16**
3. «Кэнжэ»	**8**	**5**	**1**	**2**	**17 - 15**	**16**
4. «Спартак-Д»	7	4	2	1	26 - 12	14
5. «Шагъдий»	8	4	1	3	25 – 17	13
6. «Родник»	5	3	2	0	18 – 6	11
7. «Шэрджэс»	7	3	0	4	22 – 21	9
8. «Имран»	8	2	1	5	13 – 24	7
9. «ЛогоВАЗ»	6	2	0	4	9 – 15	6
10. «Малкэ»	5	1	3	1	4 – 6	6
11. «Урыху»	6	1	2	3	10 – 24	5
12. «Акъбащ»	12	1	2	3	15 – 18	5
13. «Псыгуэнсу»	7	1	2	4	12 – 18	5
14. «Дохъушыкъуей»	8	1	1	6	10 – 22	4
15. «Ислъэмей»	**5**	**0**	**3**	**2**	**2 – 11**	**3**

рытрадзэм нэмыщI (илъэс ныкъуэм сом 1118-рэ кIэпIейкIэ 53-рэ и уасэщ), кьэралкъулыкъыщIапIэхэм, щэнхабзэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ Iуэхущ ЛIапIэхэм мазихым сом 240-рэ хуэзэу трырагъадзэ, зы Iэхуэщ ЛапIэм 15 нэхърэ мынэхъ мащIэ традзамэ, езыхэм махуэ къэс машинкIэ хуашэж. КъищынэмыщIауэ, Мейкъуапэ дэсхэм соми 150-кIэ традзэну Iэмал яIэщ, езыхэр кьакIуэурэ кьащтэжыну щытмэ. Газетым и тиражыр нэхъыбэ хъунымкIэ сабэ пшыхуэ махуэ Адыгэ Республикэм и Президенту щыта, псапащIэ цIэрыIуэ Щэумэн Хьэзрэт, абы экземпляр 500 мазих къэс зэ яхутредзэ хуэгъэкIуата зиIэ цIыхухэм, АР-м и сенатору УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсхэм ФедерацэмкIэ и Советым щыIэ Хьупсырокъуэ Муратрэ Къэрал Думэм и депутат Резник Владиславрэ социальнэ Iуэхущ ЛапIэхэм папщIэ экземпляр щитху-щитху традзэ, и уасэр щIату.

«Адыгэ макъым» и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Тау Замирэ** езым кьыхилъхьауэ иригъэкIуэкI проектым и гугъу яхуищIащ зэIущIэм кьырихьэлIахэм. «АР-м щылажьэ Адыгэ Хасэр ди дэлэпкъэгъуэ Iуэхугъуэ зэмыпIэужьыгъуэхэм теухуауэ идогъэкIуэкI ди зэIущIэхэр. ДяпэкIи ахэр теухуауэ щытынущ лъэпкъ Iуэхухэм, республикэм кьыщыхъу-кьыщыщIэхэм икIи къэралкIэ лэжьакIуэхэр, интеллигенцэм и лIыкIуэхэр, щэныгъэ, щэнхабзэ, егъэджэныгъэ Iэнатlэхэм пэрытхэр кьедгъэблагъэнущ. Илъэсищэ дыщрикьум едгъэжьауэ, мазэм зэ дыззIуощIэ, дызытепсэлъыхьынухэм епытащ кьызэхэтшэсхэри. Иджыри щэх зэхьыхитху диIащ, ахэр адыгэ усыгъэм, пасэрей лIыхъужь уэрэдхэм, тхыдэ мыхьэнэ зиIэ фэеплъхэмрэ уэхуэныгъэхэмрэ, УФ-м, Кубаным, АР-м щIэныгъэхэмкIэ я пэжьакIуэ Щэумэн Асхьэд кьыдигъэкIа «Адыгэхэр» томитI хъу тхылъым, мы гъэм еджапIэр кьэ-

И Iэзагъэмкlэ ядогуашэ

ЩIэныгъэ гуэдзэ щрагъэгъуэт «Налшык» спорт Iуэхущ ЛапIэ республикэм и къалащхьэм и администрацэм егъэщIылIауэ лажьэм кьыззригъэпэщащ регбимкIэ мастер-класс.

АБЫ ХЭТАЩ урысей регбист цIэрыIуэ, дунейм ирапэкъхэмрэ я кубокхэр мызэ-мытIэу кьззыхьа, Урысейм и командэ кьыхэхам хэт, къэрал регбимкIэ и чемпионатым 2019 гъэм домбеякъ медаль кьыщызыхьа Гаджиев ТIэхьир.

Мы зэманым Гаджиевыр Урысейм регбимкIэ и федерацэм и «Центр» академием и командэ кьыхэхам и унафэщIщ. Ари спорт зэIущIэхэм хэтащ, зыгъэсэныгъэм ехьэлIа Iэмалхэр, хабзэхэр зэпкърыхауэ кьаригъэщIат.

Зэхыхьэр Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ «Сокол» турист лагерым кьыщыззрагъэпэщат.

ЗэIущIэм и кIэуэм Гаджиев ТIэхьир спортсменхэм епсэлъыпIлаш. Абы и гугъу ищIащ ныбжьыщIэхэр уэныншэу къэтэджын папщIэ ялэжьыпхъэхэм, лъэпкъ зэпыщIэныгъэхэм, дин зэхущытыкIэхэм.

НАФIЭДЗ Мухьэмэд.

● Футбол

Пашэхэр зэрыщытщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и гъэмахуэ чемпионатым зи чэзу зэIущIэхэр щекIуэкIащ. Ялэ увыпIищым щытауэ текIуэныгъэ къэзыхьар Алътуд и «Искра»-м и закъуэщ. Ар бжьыпэ зыIыгъа «Кэнжэм» бжыгъэщхуэкIэ, 3:0-у, ефIэкIащ. Алътудэсхэм нэмыщI хамыгъащIауэ зэкIэ къэнэжар «Тэрчымрэ» Псынэдахэ и «Родник» -мрэщ.

НЭГЪУЭЩI гу зыльытапхъэу къэхъуар хэнейрэ зыкIалъхьэужьу хагъэщIа Аргудан и «Бедик»-р езыр хуейуэ чемпионатым зэрыхэкIыжащ. Абы кьыхэкIыуи ар зыздэжгуахэм кьрикIуар хабжэнукъым. Аращ хабзэм кьиГъэувыр – щыIа зэIущIэхэр зэрыджэгун хуеям и зэхуэдитым нэхъ мащIэмэ, кьрикIуа бжыгъэхэр Iуахыж. Мы кьуажэр ипэ зэманхэм дахэу зэрыджэгуу щытар зыльэгъуам си фIэщ хуэрэкъым а хъыбарыр гуапэ ящIыхьну. Псом хуэмыдэу, Аргудан и «Колос»-м хуэзэфIэкIыу щытам щыгъуазэ нэхъыжьхэм. Ауэ, сыт пщIэн сомымрэ футболымрэ зэкIэщIэхыпIэ имыIэу зэпха хъуащ.

НобэкIэ командэхэр зэрыджэгуа бжыгъэр зэрызэщIэхьэщыкIым кьыхэкIыу, иджыри уепIэщIэкI хъунукъым я зэфIэкI здынэсыр зэбгъэпщынэу. ГурыIуэгъуащэкъым апхуэдэу щIэхъуам и щхьэусыгъуэр – гупиплIр 8 джэгуамэ, щым 5 кьудейщ зэIущIэу зэрырагъэкIуэкIар.

КьищынэмыщIауэ, гуапэ пщымыхъуу кьанэркъым Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым иджыпсту хэт гуп 15-м ящыщу 10-р зэрыкьуажэ командэр. Сыту жыпIэмэ, сыт щыгъуи футбол Iэзэу джэгухэр апхуэдэ жьылагъуэхэм кьыдэкIыу щытащ. Дыщогуфъ а хабзэр кьута мыхъуну. Ди кьуажэхэм сытым щыгъуи спортыр фIыуэ зыльагъуэхэр кьыдэкIыу, республикэр абыхэм я зэфIэкIым, текIуэныгъэхэм дрипагэу кьокIуэкI. Иужь зэIущIэхэми уэхэпIэхэмэ, кьалэ командэу «Тэрчым» и закъуэщ текIуэныгъэ къэзыхьар. УмыгъэщIагъуэу кьанэркъым сыт щыгъуи пашхэм яхэту, и нэхъыбапIэм бжьыпэ иIыгъыщ дезыгъэса бахъсэндэхэм джэгуГуэйим текIуэныгъитI фIэкIа кьыщамыхьарэ я гъуэм топ 24-рэ кьыдагъэкIауэ еянэ увыпIэм зэрыщытыр.

Иджыри текIуэныгъэкIэ зи дзащIакIуэхэр зымыгъэгуфIэфар, джэгуГуэйхьм хьэрхуэрэгъуэм я гъуэм топитI фIэкIа дамыгъэкIауэ, 15-нэ, иужь дыдэ увыпIэм щыт «Ислъэмейм» и закъуэщ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ иужь джэгуГуэгъуэм кьрикIуа адрей бжыгъэхэм. **«Спартак-Д»** (Налшык) – **«Малкэ»** (Малкэ) – **1:1**, **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) – **«Урыху»** (Урыху) – **6:2**, **«Шэрджэс»** (Шэджэм) – **«Тэрч»** (Тэрч) – **1:2**, **«Дохъушыкъуей»** (Старэ Шэрэдж) – **«Акъбащ»** (Акъбащ) – **3:0**, **«Родник»** (Псынэдахэ) – **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) – **0:0**, **«Имран»** (Бахъсэн) – **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) – **1:3**.

КъыкIэлъыкIуэну зэIущIэхэр зыгъэнсэхуГуэ махуэхэм екIуэкIынущ.

ШАФИЙ Аслъэн.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-61-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; суРэттехэм - 42-75-78, 42-63-64.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ ЛапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.683
Заказыр №1277

12+

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэхэр редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынкIэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Аэмэт** *(2, 4-нэ нап.)*, **Нэурокъуэ Замирэ** *(1, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэлэпкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**

Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокI.